


ADOPSYON ²

 Mwen . . . jis yon tijan an reta. M te gen yon moun vyolan, trè vyolan, e m te jis oblije ale nan moman sa, paske yo te move anpil, anpil anpil. E m te kondui soti depi Michigan, cherif la te rele, epi bagay konsa, ke yo te move anpil, anpil anpil. Men, kounye a sa pral byen; tout bagay—tout bagay sou kontwòl, konsa se byen. Lè Seyè a vini, tout bagay sou kontwòl lè sa a, pa vre? O, Li—Li tèlman bon; panse a bonte L ak mizèrikòd Li, a sa Li vle di pou nou, e kouman lwanj Li yo presye.

Ebyen, nou te eseye kòmanse, lè nou te di nou t ap pran twa premye chapit nan Liv Efezyen an. Apre sa mwen kwè nou te pran twa premye mo yo, oswa twa premye *bagay* la. Nou pa t rive byen lwen, men petèt aswè a nou ka vanse al yon tijan pi lwen. Kounye a, mwen vle di ke m pa fè klas etid Biblik, mwen trè lwen sa, e m byen lwen pou m ta yon teyolojyen, men mwen—mwen renmen Seyè a, e mwen renmen sèvi L ak . . . [Yon frè ap pale ak Frè Branham—Editè a.]

Yon moun, jis an ijans, te di, jis anvan nou kontinye kounye a, ke gen yon ti pitit fi nan lopital Louisville la, ke tout meyè espesyalis yo te abandone l, l ap mouri kounye a, e li adrese yon rekèt pou timoun sa a. Antanke kreyten, se devwa nou pou n bese tèt nou, kounye a, pou n priye.

Seyè nou an ki gen mizerikòd, se pa sèlman devwa nou, men se privilèj pa nou, epi se dezi nou—nou pou nou bese tèt nou aswè a antanke legliz, antanke ke yon gwoup moun ke yo te rele soti, ki kwè isit la aswè a, pou anseye Pawòl Ou a, ki ap plase nou nan pozisyon nou nan Kò a, kote ke plas nou ye, epi kote nou ka travay kòrèkteman ansanm antanke manm Kò Kris la.

² E la, yo te mande nou pou n al kot Bondye prese prese. E chak nan noumenm papa yo panse, kisa k t ap rive si se te ti pitit fi pa nou an, kijan kè nou t ap brile epi fè nou mal anndan nou, e nou t ap rele legliz yo pou lapriyè menm kote a. Epi gen kè kèk papa k ap brile yo, ki fè mal. Seyè, se pou gran Pèsonaj Sentespri a vin kounye a nan kè papa sa. Wete tout lonbraj dout, ak tout doulè, e fè l konnen ke W se Bondye epi pa gen okenn maladi ki ka kanpe nan Prezans Ou lè legliz Ou a ak Pèp Ou a te pote komisyon Diven W lan.

³ Epi tankou pandan semèn lan, n ap priye, depi dimanch pase m t ap panse ak fason sa yo oswa mannyè pou priye sa yo. Nou pa gen yon pakèt zam dapre jan sa parèt pou monn lan, men ti fistibal sa a mòtèl kan se dwèt lafwa ki kenbe l. O Seyè, se pou priyè nou yo atenn kay, kote lanmò pandye sou timoun sa a laba, e pèmèt ke sa aneyanti l; fènwa, tristès yo, elwaye yo soti bò kabann timoun sa, ti bebe sa oswa timoun nan, ti pitit fi a. Epi se

pou gwo Limyè Prezans Bondye a briye sou li. Se pou l soti kite lopital sa, yon timoun ki geri.

4 Bondye, nou konnen jis lòtbò larivyè a byenneme nou yo ap tann, e se bèl bagay. Men nou renmen timoun nou yo. E nou priye, Seyè, ke pou Glwa W, Ou va prezève lavi timoun sa. Noumenm, antanke legliz Ou, nou repouse lanmò sa, pou di, “Ret trankil byen lwen. Ou paka pran timoun sa, paske nou reklame lavi l pou benefis Wayòm Bondye a.” Akòde bagay sa yo, Seyè, pou n al toudwat nan objektif la pandan n ap dirije yo, nan Non Jezikri, Sovè nou an. Amèn.

5 Eske n kwè? M pa konn kisa m t ap fè si m pa t kreyen. M jis pa t ap vle rete pi lontan. Pa gen okenn rezon pou w viv, sèlman pou ede lòt moun sove, se sa k pi bon ke m konnen.

6 Kounye a, aswè a nou vle jis kòmanse yon ti kras ak kontèks leson n te gen anvan an. Apre sa m ap eseye li, poutèt se, chapit la okonplè, si m kapab aswè a. Konsa dimanch maten m ap oblije petèt pran alafwa dimanch maten ak dimanch swa, si se kòrèk, pou eseye antre nan kad sa m vle legliz wè a. O, sa bèl anpil pou jwenn pozisyon w! E pèsonn paka fè anyen sof si w konn trè byen sa w ap fè a.

7 Sa k t ap rive si w ta pral. . . fè yon operasyon, epi ta gen yon jèn doktè ki fèk sot lekòl ki ta renmen. . . li pa t janm fè yon operasyon anvan. Poutan, li te jèn epi bèl gason, ak cheve l ki te penyen lis, epi l te abiye byen chik, elegan, ak bagay konsa. Epi li te di, “Mwen te file kouto yo, epi mwen te esterilize tout zouti ak bagay sa yo.” Men ou t ap santi w on tijan dwòl parapò a sa. Mwen ta pito gen yon vye doktè ki te deja fè operasyon sa plizyè fwa anvan, anvan pou m ta aksepte yo met kouto sou mwen. Mwen—Mwen ta vle konnen yon moun ki pa jis fin lekòl, mwen ta vle yon moun ki gen eksperyans.

8 E Sila ki gen pi bon eksperyans ke m konnen, pou m reklame aswè a, se Sentespri a. Li se gran Medsen epi gran Anseyan Bondye a.

9 E pandan m ap mete baz pou Mesaj mwen an aswè a, toujou apati de mesaj dimanch lan, ki se, yo te rejte Samyèl ak Pawòl Seyè a, pou yo te aksepte Sayil, pitit Kich la, e yo te rejte Samyèl, ki te reprezante Sentespri a, paske li te konn pale sèlman jan Lespri te konn kondui l pou l pale. Epi lè l te atire atansyon yo sou sa, li te di, “Sonje byen, mwen pa t janm di nou anyen nan Non Seyè a sinon sa Seyè a te fè rive. Ni mwen pa t mal konpòte m devan nou. Epi pèsonn paka akize m sou zafè peche.”

Tankou Jezi te di, “Kimoun ki ka kondane m pou zafè peche?” Ou wè?

10 E li te di ankò, “Mwen pa t vin kote nou pou mande nou lajan ak lòt bagay. Mwen pa t pran anyen nan men nou. Men tout sa m te di se te pou byen nou, sa m te pote pou nou soti nan bouch Seyè a.”

¹¹ E tout pèp la rann temwayaj, “Ke se vre. Tout sa se vre, men kanmenm nou vle gen yon wa. Nou vle vin tankou rèsmonn lan.”

¹² Kounye a, aswè a, ekriti nou an ap separe. . . Liv Efezyen an, se Liv Jozye a nan Nouvo Testaman an. Li separe e li mete nan lòd “sila ki venk yo.” Kounye a, se jis yon baz pandan kèk minit, pou rive yon kote anvan nou kòmanse li, ann kòmanse ak vèsè 3 a. Kounye a, nou jwenn dimanch swa dènye ke. . . Bondye nan Ansyen Testaman an te fè pèp Izrayèl la yon pwomès pou yon peyi repo, paske yo te vin tounen peleren ak moun k ap pwonmennen. E yo te nan yon peyi ki pa t pa yo, e Bondye te pwomèt atravè Abraham ke l t ap rete. . . desandan l yo t ap rete pandan katsanzan pami yon pèp etranje, pou yo te maltrete yo, men avèk yon men fòt Li t ap mennen yo soti pou al nan yon bon peyi kote lèt ak siwo myèl t ap koule.

¹³ Epi, kounye a, lè tan pwomès la t ap pwoche, Bondye te sisite yon moun pou mennen yo nan peyi sa. Konbyen nan klas la aswè a ki konn kimoun sa te ye. . . ki konn kiyès moun sa a te ye? Moyiz. Remake, yon vrè, vrèman yon reyèl tip de Sila ke yo te bay pou mennen nou nan Latè pwomiz la, Kris. Kounye a nou gen yon pwomès, paske pwomès pa nou se Repo espiyèl, alòske, pa yo a te repo fizik. E konsa yo t ap rive nan yon peyi kote yo te kab di, “Sa a se peyi pa nou, nou pa p drive ankò, nou tabli, sa a se tè pa nou, epi la nou gen repo. Nou pral plante mayi nou, chan rezen nou yo, e nou va manje apati de jaden rezen nou yo. E apres la nou mouri, nou va kite l pou timoun nou yo.”

¹⁴ Oo, ala nou te ka antre nan zafè tè sa, lwa eritaj la, tankou Naomi ak Rit, ak Boaz, retounen ak tout sa, jan yon frè nan peyi Izrayèl, jan li dwe. . . nenpòt bagay li te pèdi te dwe rachte pa yon pwòch paran. Oo, ala bèl! Sa ta pran semèn apre semèn apre semèn apre semèn, enou patap janm kite chapit sa a, pou n al ladann. Nou ta ka lye tout Bib la la a menm, drèt nan sèl chapit sa a.

¹⁵ Epi, ooh, mwen jis renmen etidye Sa. Nou te konn pran L, pou pran L pandan yon lane edmi, pou pa janm kite Liv la. Jis fè ke rete ak Sa.

¹⁶ Men, la, men, sa te yon bagay sitèlman ekstraòdinè eritaj sa a, Kòman eritaj sa se te yon eritaj nan peyi a ke pèsonn lòt moun eksepte yon fanmi pwòch te ka rachte. Kounye a, kite m jis lage yon ti temwayaj la ke m touche lòt jou swa, pou noumenm manman yo. Konbyen moun la ki te priye pou byeneme nou yo, sa k pèdi yo? Se byen. Men li ankò, ou wè, “Eritaj ou.” Ou wè?

¹⁷ Pòl te di Women an, li te di, “Kwè nan Seyè Jezikri a, epi ou menm ak kò kay ou va sove.” Si gen ase fwa pou pwòp tèt pa w pou sove, ou gen ase fwa, kèlkeswa jan ti gason sa rebèl, oswa ti fi sa, y ap sove kanmenm. Bondye, ap jwenn on fason! Menm si L oblije mete yo sou do, lonje la nan yon lopital, ap mouri, y ap sove. Bondye te pwomèt li. Eritaj la! O o! “E yo va la,” Ezayi te di,

“ak tout desandan yo avèk yo. Pap gen ni lapenn ni destriksyon sou tout montay sen Mwen an, Seyè a te di.”

¹⁸ Oo, mwen gen yon ti kote m espere ke m ap rive aswè a, pou ou. Sa jis ap boule nan kè m, pou m retounen sou sa.

¹⁹ Men kounye a, annou vanse. Epi èske w te remake Moyiz, gwo fezè mirak sa ki te mennen pèp Izrayèl la anba ap travèse peyi a, pou te fè yo monte nan latè pwomiz, men li pa t plase yo nan nan eritaj pa yo? Li pa t ba yo eritaj yo a; li te kondui yo nan nan peyi a, men se Jozye ki te separe peyi a bay pèp la. Èske se sa? E Kris te mennen Legliz nan plas kote sa yo te posede a te prepare pou yo, yo te ba yo l, jis larivyè Jouden an pou yo te travèse, men Sentespri a se Sila Ki te mete Legliz la annòd. Jozye jodi a mete Legliz la nan lòd li, pou ap bay chak moun, don, plas, pozisyon yo. E Li se Vwa Bondye k ap pale atravè lòm enteryèl ke Kris te sove a, Sentespri a. Kounye a eske nou benefisye otan de sa? Kounye a n ap antre nan Liv Efezyen an. Kounye a, menm jan an, L ap mete Legliz la nan pozisyon kote yo fè pati. Bon, Jozye te plase yo nan peyi natirèl la. Kounye a Sentespri a ap plase Legliz la, nan pozisyon l, nan peyi a, pou yo ka, nan pozisyon kote yo fè pati, eritaj pa yo.

²⁰ Kounye a, ak premye bagay li kòmanse la, li adrese lèt li a, “Pòl, . . .” Ke, nou pral dekouvri apre yon ti moman ke tout mistè sa a te revele a limenm, pa nan yon semèn, pa pa nenpòt ki teyoloji an, men se te pa yon revelasyon Diven Sentespri a ke Bondye te bay Pòl. Konsyan ke mistè Bondye a, li te di, ki te kache depi fondasyon monn lan, te revele a limenm pa Sentespri a. Epi Sentespri a nan mitan pèp la t ap plase chak moun nan lòd, ap mete Legliz la an pozisyon.

²¹ La, premye bagay Pòl kòmanse di moun yo, se jwenn tout. . . . Sonje byen, sa a se pou Legliz, pa pou moun ki deyò a. Se yon mistè sou fòm devinèt pou li, ke l pa janm ka konprann, sa pase anlè tèt li, li pa konn plis sou sa ke anyen. Men, pou Legliz, se siwo myèl sou wòch, se lajwa ke w pa ka ekspri, se asirans beni an, se lank bato pou nanm, se espwa nou ak kote n rete, se Woche Dèzaj la, oo, se tout bagay ki bon. Paske syèl la ak tè a va pase, men Pawòl Bondye a pap janm pase.

²² Men moun ki andeyò Kanaran an pa konn anyen sou sa, li toujou ap pwonmennen. Pa ke m ap di li pa yon bon moun, mwen pa di sa. Mwen pa di ke moun ki menm nan peyi Lejip se pa yon bon moun, men limenm. . . jiskaske l rive antre nan posesyon sa a.

²³ E posesyon an, sè ke, pwomès ke yo te bay Legliz la se pa yon peyi natirèl, men se yon peyi espirityèl, paske nou se yon sasèdòs wayal, yon nasyon sen. Alò nou nan sasèdòs wayal sa, nasyon ki sen an, moun espesyal yo, ke yo te rele, eli, chwazi, mete apa, lè sa tout monn eksteryèl a mouri. E se Lespri a k ap kondui nou.

Lespri Bondye kondui pitit gason ak pitit fi Bondye yo; pa lèzòm, men Lespri a.

²⁴ Tou sa nan lanmou, tout bagay la vlope ansanm kounye a. Yo te eseye anseye sa anpil fwa, e pa gen dout ke gwo teyolojiyen yo te abòde l plis an pwofondè ke m te kapab. Men bagay mwen vle eseye pote ba ou a se sa a: ke yon nonm ki nan Kris la, ak Sentespri a, ka sipòte yon nonm lè l antò; soufri pou li, dou, pasyan; li dou, li enb, li fidèl, li ranpli ak Lespri; pa janm negatif; toujou pozitif; li se yon moun diferan.

²⁵ Se pa sèlman yon nonm ke se, “Nou te genyen l yon fwa. Si nou te rele byen fò, nou te genyen l, nou menm Metodis. Oo, lè n te rele byen fò, nou te nan Peyi a.” Se byen, se trè byen, mwen kwè sa tou.

²⁶ Epitou pentkotist yo te vini pou ap pale an lang, pou yomenm, “Ou te genyen l; tout moun ki te pale an lang te posede l.” Mwen kwè sa, tou. Men toujou nou te jwenn ke anpil potko genyen L ankò, ou wè. Ou wè? Kounye a yo . . .

²⁷ Kounye a n ap rive sou gwo mistè kache sa a ki te kache depi fondasyon monn lan e ki te revele kounye a nan dènye jou yo pou pitit Bondye yo. Ou kwè sa se laverite, ke pitit Bondye yo manifeste? Anvan menm n al pi lwen, ann pran Women chapit 8 jis yon minit, kite m li yon bagay pou ou. Ann wè si sa pap mennen a sa m ap di la a. Kounye a n ap pran Women 8, vèsè 19 la—nan Women chapit uit:

Kòm avalwa pou atant lan . . . kreyasyon an ap tann manifestasyon pitit Bondye yo.

²⁸ Ak avalwa pou atant sa, tout kreyasyon an ap tann manifestasyon an. Ou wè, manifestasyon an! Ki manifestasyon l ye? Fè konnen!

²⁹ Lemonn antye. Moun Mawometan yo laba a, y ap chache l. Toupatou, tout kote, y ap chache l. “Kote moun sa yo?” Nou te gen . . . Nou te gen yon bouras van pwisan, nou te gen loraj ak zèklè, nou te gen lwil ak san, nou te gen tout sòt de bagay, men nou echwe pou n te tandè ti Vwa dous sa ki te atire pwofèt la ki te vlope l ak rad la toutotou li, pou l te mache soti, di, “Men mwen, Seyè.” Ou wè?

³⁰ Kounye a tout kreyasyon an ap plenn epi ap tann manifestasyon pitit Bondye yo. Kounye a, Pòl toudabò pral plase Legliz la egzakteman kote pou L ye. Kounye a pou gen kontèks la, ann li ankò:

Pòl, yon apot Jezikri pa volonte Bondye, pou sen yo (sa se “moun ki sen yo”) ki nan lavil Efez, epi . . . moun ki fidèl nan Jezikri yo:

³¹ Kifè, pou klas la pa bliye sa, kijan nou antre nan Kris? Èske nou vin manm legliz pou nou antre nan Kris? Èske nou egzèse yon pwofesyon pou nou antre nan Kris? Èske nou dwe plonje

nan dlo pou nou antre nan Kris? Kijan pou nou antre nan Kris? Premye Korentyen, chapit 12, “Paske se pa yon sèl Espri,” youn, E majiskil s-p-r-i-, ki se Lespri Sen an, “nou tout batize nan Latè pwomiz lan.”

³² Nan Latè pwomiz sa a, tout bagay se pou nou, nan Latè pwomiz la. Ou wè li, frè Collins? Ou wè, tout bagay nan Latè pwomiz lan! Lè pèp Izrayèl la te travèse lòtbò Jouden sa a, nan latè pwomiz, li te batay pou chak bagay!

³³ Kounye a sonje, nan Latè pwomiz sa a, sa pa vle di ke maladi paka atenn ou, sa pa vle di ke ou pap gen pwoblèm. Men ke sa regle (Oo! Kite sa a desann byen fon.), sa vle di sa, ke se pa w! Jis leve epi pran l! Ou wè? Lè . . .

³⁴ Epi, sonje, sèl fason Izrayèl te resi pèdi yon moun, se lè peche te antre nan kan an. Se sèl fason nou ta ka janm pèdi yon—yon viktwa, se lè peche antre nan kan an, gen yon bagay ki pa mache kèkpa. Lè Akan te vòlè pyès zouti sa ak abiman Babilonyen sa, peche te nan kan an, e batay la te mal pase.

³⁵ Ban m sa a—legliz sa a aswè a, gwoup moun sa a, pafètman, pafètman nan pwomès Bondye a, ak Sentespri a, ap mache nan Lespri, Mwen defye nenpòt maladi a oswa nenpòt afliksyon an, oswa nenpòt sa sa ye a, chak Joe Lewis ki genyen nan peyi a, ak tout enfidelite li, ak tout enkwayan ki genyen yo, pou mennen nenpòt maladi oswa afliksyon nan papòt sa a, yo va soti la a pafètman geri. Wi mesye. Bondye te bay pwomès la, se sèlman peche enkredilite ki ka anpeche l rive. Kounye a n ap rive sou kisa ti peche sa a ye, apre yon ti moman. Kounye a:

. . . ki nan Jezikri:

Ke gras la avèk ou, ak lapè, ki vin de Bondye Papa nou, ak . . . Seyè Jezikri a.

Benediksyon pou Bondye ak Papa Seyè Jezikri nou an, ki te beni nou ak tout benediksyon espartyèl ki nan lye selès yo nan Kris la, nan—nan Kris la:

³⁶ Lè nou nan Kris, nou gen benediksyon espartyèl. Andeyò Kris, nou gen sansasyon. Nan Kris nou gen benediksyon pozitif. Pa swadizan-kwayans, pa bann similak, pa fè-sanblan. Men osi lontan w ap eseye di ke ou nan Latè pwomiz, epi se pa sa, peche w yo pral kontre avè w. E, premye bagay ou konnen, w ap retwouve w fo—ak tou sa, jan nou rele sa nan monn lan, tout anbobinen. Ou va reyalye ke w pa t posede sa w ap pale de li a. Men lè w nan Jezikri, li pwomèt ou lapè Selès, benediksyon Selès, Lespri Selès, tout bagay se pa w. Ou nan Latè pwomiz e ou an plen posesyon tout bagay. Amèn. Ala bèl! Oo, ann etidye:

Dapre jan li te chwazi nou . . .

³⁷ Kounye a, men ki kote legliz la bite tèlman.

Dapre jan li te chwazi nou nan li . . . (Nan Kimoun?) Kris.

38 Nou jwenn la, tounen nan—nan Jenèz epi nan Apokalips, Apokalips 17:8, ke Li te chwazi nou nan Kris anvan fondasyon monn lan. Kounye a, mo a . . . Kite m li pwochen an:

. . . *fondasyon mond lan, pou nou kab sen e san repwòch devan li . . .*

Lè L te predestine nou . . .

39 Kounye a mwen vle rete sou mo sa “predestine.” Bon, *predestine* se pa di, “M ap chwazi Frè Neville, epi mwen—mwen—mwen—mwen—Mwen p ap chwazi Frè Beeler.” Se pa sa. Se presyans Bondye ki te konnen kimoun ki t ap kòrèk e kimoun ki pa t ap kòrèk. Kidonk, pa presyans, Bondye te konsyan de sa l ta pral fè, Li te baze predestinasyon sou presyans Li pou fè tout bagay konkòde ansanm pou byen moun ki renmen Bondye, pou L te ka, nan laj ki gen pou vini an, rasanble tout bagay ansanm nan yon Sèl, ki se Jezikri.

40 Kite m fè youn ti desen pou ou la. Sa bon. Nou retounen, mwen kwè m te pale sou sa youn ti kras avanyè swa, oubyen m te touche l, nan Jenèz, premye chapit la, 1:26, lè Bondye te bay tèt Li Non, “Seyè Bondye,” a se te avèk mo El, Ela, Elohim, ki vle di “Sila ki egziste poukont Li an.” Pa t gen anyen lòt ki te egziste ke Limenm. Pa t gen lè, pa te gen limyè, pa te gen zetwal, pa t gen mond, pa t gen okenn lòt bagay. Se te Bondye, e Bondye sèlman, El, Elah, Elohim. La, Li te fè sa.

41 Anndan sa te gen atribi ki vle di Li te youn . . . Anndan gran El, Ela, Elohim, sa a ou te jwenn youn atribi oswa youn . . . Ou konn kisa youn *atribi* ye, oswa kite m di l jan sa a, ou te jwenn youn “nati.” Se konsa ti zanmi yo ap sezi l, e m se youn nan ti zanmi sa yo ki oblije sezi l fason sa. Anndan L te gen youn nati pou L vin Papa, men Li te egziste pa limenm, pa t gen anyen pou L te ka vin Papa. Epi, la, byen fon anndan sa te gen youn lòt bagay, sè ke Li te Bondye; e dye se youn objè pou adore; men li te egziste poukont li, El, Ela, Ela, Elohim, kidonk pa t gen anyen pou adore L. Anndan sa, Li te youn Sovè, men pa t gen anyen pèdi ki te dwe sove. Ou wè? Anndan sa, Li te youn Gerisè, ou wè, men pa t gen anyen malad ki te dwe geri, pa t gen anyen ki te dwe malad. Kounye a èske w wè tablo a? Kidonk atribi L yo, nati Li te pwodui sa ki egziste jodi a.

42 Gen moun ki di, “Ebyen, poukisa Bondye pa t jis estope sa nan kòmansman an?” “Li se youn mechan ak kè di,” Joe Lewis te di, sila ki te kondane Joe a, osinon Jack Coe a, ou wè. Li te di, “Li se jis youn mechan ak kè di. Pa gen bagay konsa tankou zafè Bondye. Si te gen youn tèl bagay, Li t ap youn . . .” Oo, mwen . . . jis te ba Li tout sòt de non, ou wè. Men se te jis paske li te ka gen anpil konesans anwo *isit la*, men li pa t gen anyen anba *la*.

43 Kounye a, sa, se la sa ap pase. Ou wè? Pawòl sa a di sa la, e Li te kache l. E mistè sa yo te kache kounye a, sonje, Bib la di, “Depi fondasyon monn lan, ap ret tann manifestasyon pitit Bondye yo,” pou montre yo bay legliz. O, lala! Ou sezi li?

44 Kounye a m ap estope istwa m nan jis yon tikras, oswa m ap mennen . . . M ap pran pwochen pansè m pou m abòde sa. Kounye a sonje, pandan tout dire aj Moyiz la, tounen nan aj pwofèt yo, atravè tout aj yo, yo te tann jiska dènye jou sa yo pou bagay sa yo te akonpli, dapre Ekriti a. Se vre, pou sa te ka revele a pitit Bondye yo. Poukisa? Depi pèdi a . . . jouk tankou piramid la, jan m te di a, ap bati pi pre, pi pre, pi pre.

45 Jan m te konn souvan fè remak sa a, pou di, Bondye te fè twa Bib. Premye a, li plase L nan syèl la, zodyak la. Èske w te janm wè zodyak la? Ki premye siy nan zodyak la? Vyèj la. Ki dènye siy ki nan zodyak la? Leo ki se lyon an. Li te vin premye fwa kot vyèj la, Li vin dezyèm fwa antanke Lyon tribi Jida a. Ou wè?

46 Li te fè pwochen an nan piramid la, nan epòk Enòk la, lè yo te fè piramid la. E yo mezire yo. M pa konprann li. Men pou gè yo, kote yo te panche epi al sou jenou yo pandan tèlman lontan, pou yo te ka mezire entèval pou gè yo. Ou konn ki kote yo arive mezire kounye a? Anplèn atravè chanm wa a. E pandan piramid sa a t ap monte . . . Nou pa t ap kab bati l, menm ak tout sa nou gen jodi a. Nou pa t ap kab bati l.

47 Li bati monte tou dwat *konsa*, jouk rive nan yon pwent. E blòk wòch sou . . . Yo pa t janm jwenn pyèfetyè a. Yo pa janm kwafe piramid la. Mwen pa konn si w okouran ou non, gwo piramid Lejip la, li pa t janm kwafe. Poukisa? Yo te rejte pyèfetyè a, Kris, Wòch prensipal la, ou wè, te rejte.

48 Men pandan ke n ap grandi apati de aj Literyen an, aj Batis, Aj Metodis, aj Pannkotis, nou atenn somè Pyèfetyè a kounye a, ou wè, ap tann epi gen anvi pou Pyèfetyè sa desann, konplete konstriksyon an. Eske w pa li nan Ekriti a, “Wòch la te rejte”? Natirèlman, nou reyalize ke yo t ap pale de tanp Salomon an. “Men Wòch ki te rejte a te vin Pyè angilè a.” E m ap di sa sèlman pou prezante yon—yon—yon—yon tablo pou ou.

49 Bon, e nan Bib la, n ap viv nan dènye jou a, tèt piramid la, siy pwason kwaze yo nan aj kansè nan zodyak la, nan tan vini Leo lyon an, nan pyèfetyè a, epi nan jou manifestasyon pitit Bondye yo, nan Bib la, ou wè. Gad ki kote nou ye? Nou egzaktman nan tan lafen an.

50 Konbyen moun ki te li jounal la semèn sa a, sa Khrushchev ak lòt yo te di? Oo, yo pare; nou menm tou. Amèn. Pare! Se kòrèk, ou wè. Oo, ala yon—ala yon—ala yon privilèj, ala yon jou! Si kretyen yo te kab sèlman reyalize jou n ap viv ladann lan! O la la!

51 Kisa w panse? Ekriyen Liv sa a, ki te wè l, ki te wè kote l t ap manifeste nan dènye jou yo, ap tann epi ap plenn pou pitit Bondye sa yo manifeste nan dènye jou yo, ak pouvwa Sentespri a nan fen aj la, pou revele bagay sekrè depi fondasyon monn lan, pou mennen l vini.

52 Kounye a ann tounen nan “fondasyon monn lan” ankò, pou dekouvri yon revelasyon, pou wè si n gen rezon ou non. Mwen

espere ke m pap pase pou youn k ap blasfème si m rele Bondye, “Papa,” men mwen vle di l konsa pou w ka konprann li. Papa! Papa te vle timoun, bon kisa L te fè? Li te di, “Se pou gen Zanj.” Epi Yo te rive bò kote L. Oo, se byen. Yo te adore L, lè sa Li te Bondye, atribi yo. Sonje, Li te El (E-1), Elah, Elohim, sila ki egziste pou kont li a, anyen lòt ke Li. Premye bagay ki te vini se te Zanj yo. Lè sa, Zanj yo pa t kab fè anyen ke adore. Yo pa t kab pèdi. Konsa, Yo pa t ka malad, yo te dezèt imòtèl. Kidonk, Li patka montre pouvw gerizon L, Li patka montre sali Li. Kifè apresa, anvan, la ann. . .

⁵³ Alòs apre sa, Li te di “N ap fè yon bagay byen konkrè.” Konsa, Li te fè yon tè. E lè L te fè tè a, Li te fè tout bèt ki sou latè, e apre sa Li fè lòm. Tout bagay ki sot nan tè, a kòmanse pa yon—yon teta oswa yon lagratèl, jis fòm yon chè k ap flote sou dlo, sa te kòmanse la, jouk. . .soti nan sa rive nan krapo, ki se fòm lavi ki pi ba ke n ka jwenn, yo pretann, se yon krapo. Fòm ki pi wo a se èt imen. Soti nan krapo li te kòmanse vin zandolit, sot nan zandolit ap kontinye san rete, e chak fwa Sentespri a te kòmanse “whoosh,” respire, lavi tounen ankò; “whoosh,” lavi pi siperyè. E an premye, yon bagay te parèt dapre imaj Bondye, se te yon nonm. Pa gen anyen ki te janm la, ki te janm egziste, ki t ap janm kreye ankò, anyen ki pi wo pase yon nonm, paske yon moun se dapre imaj Bondye. Ou wè?

⁵⁴ Apresa lòm, lè L te fè premye òm Li an, la, lè L te fè èt Angelik Li yo, Li te fè lòm, “Li te kreye yo mal ak femèl,” toude nan menm anvlop la. Li te alafwa mal e femèl, feminen e maskilen. Lè L te fè Adan pou mete l nan lachè, sonje, nan Jenèz 1, Li te fè lòm ak fanm lan, E nan Jenèz 2, potko gen okenn moun ankò pou travay tè a, moun nan lachè. Ankenn moun ki te ka pran yon bagay pou travay latè, men poutan te gen yon nonm dapre imaj Li. “È Bondye se yon. . .” [Kongregasyon an di, “Espri.”—Editè a.] Se sa. Ou wè? Li te fè premye nonm lan, “Li te kreye yo mal ak femèl.” Kounye a, lè L te fè premye nonm lan. . .

⁵⁵ Kounye a, sonje, Li te gen tou sa nan panse L. E dimanch swa mwen te pase sou sa. Yon—yon pawòl se yon panse ki ekspri. Bondye te panse kouman Li te ka vin Bondye, jan yo ta pral adore L, jan Li te ka yon Gerisé, jan Li te ka yon Sovè; e osito ke Li te pwononse Pawòl la, sa te regle pou tout tan. Oo, si pitit Bondye sa yo kounye a te ka sèlman kenbe Pawòl sa menm jan an! Lè Bondye pwononse yon Pawòl, se fini! Absoliman! Li te ka tann. . .Kwonik di sa, oswa yon akeyològ ak tout lòt yo, yo pretann ke petèt mond lan te egziste depi dè milyon e dè milyon ak milyon. Mwen pa konnen, li ta ka dè bilya e dè bilya lane. Mwen pa konn konbyen tan sa te ye. Bondye pa egziste nan tan. Li pa gen yon minit anmwens tan ke lè Li te pwononse l la. Li toujou Bondye. Li pa nan zafè tan.

⁵⁶ Mwen pa t janm konn sa konsa jouk lòt jou swa, lòt jou maten an, pito. Etènèl, pa gen yè, pa gen demen, tout bagay se kounye

a. Èske w te janm remake mo sa “MWEN SE”? Se pa “Mwen te,” oswa “Mwen pral,” se Etènèl, “MWEN SE,” ou wè, “MWEN SE,” toujou.

⁵⁷ Bon, men Li te vle met bagay yo nan tan. Li te oblije fè yon bagay pou adore, alòs atribi Li yo te pwodui sa. Lè sa Li te fè lòm. Lè sa, anndan nonm sa a, sanble li te gen solitud. Kidonk, kounye a, pou montre kounye a lide grandyoz Li a, sa L te gen kòm imaj Kris ak Legliz, Li pa t pran yon lòt moso ajil diferan pou fè yon fanm, men Li te pran yon kòt, bò kote Adan; epi li te retire apati de lespri Adan, pati feminen an, epi mete l nan kòt sa a. Lè w wè yon nonm ap aji tankou yon fifi, gen yon bagay ki pa mache. Epi lè w wè yon fanm ki vle aji tankou yon gason, gen yon bagay ki pa mache. Ou wè, gen yon bagay ki pa mache. Yo se de espri diferan, tout ansanm. Men, ansanm, yo fòmè yon sèl anvlòp, “yo de a fè youn.” Konsa, li te fè fanm ak gason, e yo pa t dwe janm vyeyi, pa t dwe janm mouri, pa t dwe janm blanchi, jamè. Yo te konn manje, yo te konn bwè, yo te konn dòmi, menm jan nou fè a, men yo pa t janm konn kisa peche te ye.

⁵⁸ Kounye a mwen pral kontoune la pou yon lòt leson pita, sou semans sèpan an. Sa, yo te mande m pou chanje lide sou sa. Men fè m wè yon moun vini pou montre yon bagay diferan. Se sa m vle konnen, ou wè.

⁵⁹ Kounye a, men la apre tou sa, lè sa, lè peche te antre, kisa k te rive?

⁶⁰ Anwo nèt laba, pi wo a, a yon milyon, san milyon kilomèt, gen yon espas gwose sa, e sa se lanmou pafè agapao. Chak fwa ou fè yon pa nan direksyon sa a, li retresi de yon pous. E ou konn konbyen piti sa t ap ye si yo t ap kwonometre l pou rive sou tè a. Se t ap yon lonbraj de yon lonbraj lòt lonbraj. Se sa w genyen, se sa m genyen, yon lonbraj de lonbraj lonbraj lanmou agapao a.

⁶¹ Gen yon bagay nan ou, gen yon bagay nan chak fanm isit la ki depase ventan, gen yon bagay nan chak gason anndan la ki depase ventan, ki ta anvi ke sa rete. Ou te gen sèlman senkan, ki se de kèzan a ventan. Apre ventan ou kòmanse mouri. Men, depi laj kenz, ou se jis yon ti adolesan jouk lè sa. E apre sa w ap devlope jouk ou atenn ventan. E apre ventan, o, ou di, “Mwen jis menm jan ak yon vrè òm.” Ou jis di sa, men ou pa sa. Ou kòmanse mouri epi ap deperi, kèlkeswa sa w fè a. Bondye te fè w rive jiska laj sa, men apre sa, ou pral kòmanse mouri. Bon sa k rive? Kounye a ou kòmanse mouri, men pa anndan gen yon bagay nan ou k ap di, “Mwen vle gen dizwitan ankò.”

⁶² Kounye a mwen vle mande w yon bagay. E si ou te fèt senksanzan de sa, epi w te toujou gen dizwitan jiska jodi a? Si w pa t ap yon antikite, ak lide w yo ki gen senksanzan pase! Anvan pèlren pè fondatè yo te janm vini isit la, e oumenm te yon jèn dam ak jan de lide sa a. Enben, ou ta fè mye jis avanse epi vyeyi epi viv senksanzan. Ou wè, gen yon bagay ki pa mache.

63 Ou di, “Ebyen, kounye a mwen santi m anfòm, Frè Branham. O, mwen menm—mwen menm—Mwen gen dizwitan, mwen gen sèzan, mwen santi m anfòm.” Cheri, kite m di w yon bagay. Kijan w fè konnen si manman w ap viv nan moman sa a, si l pa nan legliz sa a? Kijan w fè konnen si mennaj ou pa t mouri jis kèk minit de sa, oswa amourèz ou? Kijan w fè konnen si demen maten ou pa pral yon kadav anndan lakay ou? Kijan w fè konnen si w ap soti nan legliz la, vivan, aswè a? Se tèlman yon ensètitud. Pa gen anyen ki sèten. Si w gen kenz, douz, diznèf, swasannkenz, oswa katrevendizan, genyen yon, tout bagay ensèten. Ou pa konnen ki kote w kanpe. Men poutan ou anvi retounen gen kenz, dizwitan. Kisa k fè w fè sa?

64 Kounye a, si w retounen gen dizwitan epi w rete la, epi w pa janm malad epi pa janm vin . . . ou ta dwe gen lòt moun avè w, paske ou t ap depase sa, ou wè. Moun t ap avanse nan lòt laj epi w t ap yon antikite. Ou ta pi mal ke sa ta dwe ye si w ta vyeyi avèk yo. Men gen yon bagay ki atire w pou al la. Se ti agapao sa, ti lonbraj sa ki fè ke w . . . Yon bagay anwo a la.

65 Kounye a, lòt jou swa, oswa lòt jou maten, a setè, Lè Sentespri a, grasa bonte Li ak gras Li, te wete m nan kò sa a, mwen kwè, mwen kwè. Wi ou non, mwen paka di, pou te fè m antre nan peyi sa pou te wè moun sa yo, e yo tout te jèn. Epitou mwen te wè pi bèl moun mwen te janm wè nan lavi m. E Li te di m, “Kèk nan yo te gen katrevendizan. Yo se moun ou te konvèti yo. Se pa etonan y ap rele fò, ‘Frè mwen! Frè mwen!’”

66 Bon, sa a se yon kò selès, pou ke lè nou mouri nou pa tounen yon lejand, nou vin tounen yon kò. Si nou ta sa, nou tout, t ap mouri, si bonm atomik ta sote nou nan moman sa a, nan senk minit apati de kounye a nou t ap bay youn lòt lanmen ak bèl akolad, ap rele fò epi fè pakèt bri, ap bay Bondye glwa! Wi, mesye. E Frè ak Sè Spencer ki chita la, mwen kwè ke se youn nan pi ansyen koup ki isit la, nou pral gen dizwitan, ventan. Frè Neville ap jis yon jèn gason, e m t ap yon jèn ti bway. Epi nou tout t ap jis . . . Se egzakteman Verite a sa. “Si tabènak terès sa a kote nou abite a ta disparèt, nou gen youn ki deja ap tann nou.”

67 Lè yon ti bebe sot anndan manman l, tankou nan yon nesans natirèl, ti kò l ap tòde e l ap voye pye, elatriye. Eskize jan sa di a, noumenm jènfi yo. Men, lè sa fèt, li gen misk lavi k ap bay sakad. Men lè l vin sou tè a, premye bagay la, li pran souf li, epi gen yon kò espirityèl lanati ki dwe antre nan ti bebe sa menm kote a. Kite l trankil, li pral pran ti tèt li pou akoste l anba tete manman l e li kòmanse ap tete. Si li pa t fè sa, lèt la patap menm desann.

68 Èske w te janm remake yon ti bebe bèl lè l fèt, li . . . osito ke l ka gen fòs ase pou l kanpe sou janm li yo? Kimoun ki di l? Li mache dwat bò kot manman l, li kòmanse akoste l pou kòmanse tete. Oo, wi!

69 Paske, lè yo te mennen kò terès sa a isit la, gen yon kò espirityèl ki te pare pou li. E osito ke sa a . . . Oo, alelouya! “Epi si tabènak terès sa a kote n abite a ta disparèt, gen youn k ap tann laba.” Jis osito ke n soti kite sila a, n ap antre nan lòt la; youn ki pa bezwen dlo frèt, ki pa gen ankenn bezwen pou yon vè dlo; youn ki pa bezwen manje, yo pa vin de pousyè tè a. Men yo jis reyèl menm jan an, e yo ka gen sansasyon epi bay lanmen, epi jis renmen epi tout bagay pafè. E kò sa ap tann laba. Se yon pati de li. Gen twa nan yo.

70 Ou kòmanse Lavi Etènèl ou drèt isit la sou lotèl la. Men kote w kòmanse Letènite. Oo! Ou kòmanse lavi etènèl isit la menm. Apresa ou nedeuvo, yon pitit Bondye. E alò lè w mouri, ou kòmanse . . . Lè lanmò frape w nan kò sa a epi kè a sispann bat, epi wou machin mòtèl la kòmanse rete, ti lonbraj sa ki te yon lonbraj lonbraj la, nan yon segond li vin yon lonbraj lonbraj la, apresa pwochen an li vin lonbraj la, answit pwochen an tounen yon ti bat je, apresa pwochen an vin yon ti pas dlo, answit pwochen an vin yon rivyè, epi pwochen an vin oseyan an, epi apre yon ti tan ou kanpe nan prezans byeneme w yo ki ap tann laba, abiye ak rad kò selès, pou nou ka konnen youn lòt, renmen youn lòt, ou retounen vin yon jèn gason ak yon jèn fi ankò. Se egzakteman sa. L ap tann la jouk tan vini Seyè Jezi a. Epi yon jou, kò glorifye pa L sa . . . Kounye a sonje, sa se yon kò selès, pa yon kò glorifye, yon kò selès. Epi yon jou kò selès sa pral kite Syèl la avèk Jezi.

71 “Paske M ap di nou sa,” Dezyèm Tesalonisyen, chapit 5 lan, oswa Premye Tesalonisyen, chapit 5 lan, youn ou lòt, “Mwen di nou, mwen pa ta vle pou nou lan inyorans, Frè m yo, konsènan moun k ap dòmi yo, pou nou pa nan lapenn, menm jan ak lòt moun ki pa gen espwa yo. Paske si nou kwè Kris la te mouri epi leve soti vivan nan lanmò twazyèm jou a, menm jan an tou Bondye pral mennen avèk Li sila yo k ap dòmi nan Kris la. Paske nou di w sa dapre kòmandman Seyè a, ke nou menm ki vivan epi ki rete jouk vini Seyè a, pap devanse oswa anpeche” (se pi bon mo a) “anpeche moun k ap dòmi yo. Paske twonpèt Seyè a pral sonnen, e moun ki mouri nan Kris yo pral resisite an premye.” Kò selès sa yo desann pou yo abiye yo ak terès la, kò glorifye yo. “Epi noumenm ki rete vivan yo pral chanje nan yon ti moman, nan yon batman je, epi nou pral monte ansanm ak yo, pou rankontre Seyè a anlè a.”

72 “Mwen pap ni bwè fwi pye rezen an ni manje ankò jouk Mwen va manje l ankò avèk nou nan Wayòm Papa M nan,” Soupe Nòs la. Pandan twazan edmi antikris la te fini rèy pa li a, lemonn antye te detwi, yo te rele Jwif yo soti, Jozèf fè moun lòt nasyon yo rekonèt li, oswa jwif yo. Sonje byen, lè Jozèf te fè frè l yo rekonèt li, pa t gen yon grenn moun lòt nasyon ki te la. Lè l te voye . . . Ou konn istwa a. Jozèf, tip pafè Kris la, nan tout sans. Epi lè Jozèf te voye chache frè l yo, e ke yo te desann, li te gade epi li te wè ti

Benjamin, e li te wè yo la epitou apres li . . . Yo te di, “Eben, ki endividi sa a! Nou—nou pa t dwe touye frè nou an, Joséf.” Jwif yo kan yo te wè ke yo te fè yon erè; kounye a lè Kris, lè L ap fè yo rekonèt Li. Epi Jozèf te sitèlman patka kontni tèt li, li te oblije kriye, konsa li fè madanm li ak pitit li yo ale, ak tout gad yo ak tout lòt bagay, epi li te voye yo nan palè a. Se egzakteman sa. Epi answit nan presans jwif yo sèlman, li te di, “Mwen se Joseph, frè nou. Mwen se frè nou.” E apres yo te tonbe epi yo te kòmanse tranble, yo te di, “Kounye a nou konnen nou pral peye pou sa, poutèt nou te touye frè nou an. Nou te di ke n te touye frè nou an, e kounye a se li ki gran wa sa a.”

⁷³ Li te di, “Bondye te fè sa pou yon bi, pou prezève lavi.” Se egzakteman pou rezon sa Bondye te fè sa, pou prezève noumenm moun lòt nasyon yo. Men, moun lòt nasyon yo te nan palè a. Alelouya! Lè frè l yo, te rejte L, Jozèf, li te pran yon Epouz; e Epouz la te yon Moun lòt nasyon, pa yon jwif. Dakò.

⁷⁴ Bon, ki kote w ap rive kounye a? Apre ke nou fin gen kò gloriye sa a, ak laj espektakilè ki gen pou vini an; lè kò glorifye sa a, kò selès sa a te vin tounen yon kò glorifye. Ou konprann sa m vle di kounye a? Lè sa m ap ka avanse pou di, “Frè Neville!” Kite m fè yon ti demonstrasyon pou nou. M ap di, “Frè Humes, ann monte al wè Papa maten an.” Li se Bondye. Nou konnen Li kounye a, Li se yon Sovè, Li se yon Gerisè.

⁷⁵ Pa t janm te gen yon tèt bagay tankou kreyasyon peche. Sa pa t byen pase, pa vre? Peche pa yon kreyasyon. Non, mesye! Peche se yon pèvèsyon. Gen yon sèl Kreyatè, se Bondye. Peche se jistis ki pèvèti. Kisa yon adiltè ye? Lajistis pèvèti. Kisa yon manti ye? Verite ki mal reprezante. Sètènman. Kisa yon madichon ye? Se benediksyon Bondye ki tounen madichon Bondye, olye pou l yon benediksyon. Peche se pa yon kreyasyon. Peche se yon pèvèsyon. Kidonk, Satan pa t ka kreye peche, li sèlman pèvèti sa Bondye te kreye. Se egzakteman sa. Lanmò se sèlman yon pèvèsyon lavi.

⁷⁶ Kounye a, remake sa a—remake sa a. Apres m ap avanse, epi m ap di, “Frè Humes, annou oumenm avè m, ak frè Beeler epi kèk nan frè yo, n ap monte kot Papa Bondye. Epi, di, ann fè yon ti vwayaj. Noumenm mesye yo ki te renmen mòn yo lè nou. . . .”

“Ya, nou te renmen sa sèten.”

⁷⁷ “Oo, gen plisye milyon mil distans pami yo laba nan nouvo mond sa. Degaje w, al flannen sou yo.”

⁷⁸ “mwen dwe. . . ? . . . solèy chak jou, leve byen wo. M ap tande w. Pandan yo toujou ap pale, m ap tande.” Ezayi 66. Se sa.

⁷⁹ Epi w konnen, M ap sot deyò a la, nou tout pwonmennen la jis anviwon senksanzan, jis yon ti vwayaj, yon milyon lane, sa pa fè okenn diferans, ou wè. E kounye a—kounye a sa parèt ensanse, men se laverite. Ou wè, se laverite, paske tan pa egziste, se Letènite. Epi lè m al laba, m mache desann anba, e ou konn

kiyès mwen—mwen—mwen rankontre laba? Mwen di, “Bon, èske se pa Sè Georgie Bruce! Se sa, Sè Georgie, sa fè lontan depi m te wè w.” Sa jis sanble tankou li te toujou menm jan an. Ou wè? Li ka gen dis milyon lane, men jis osi jèn ke l te toujou ye. Li t ap grate do yon moun, epi m te gade la, se Cheetah, lyon an.

Mwen di, “Kòman w ye maten an Cheetah?”

⁸⁰ “Miyaw,” tankou yon ti chat. “Oo, m te anba la ap pale ak kèk nan sè yo ki bò kot gwo flè yo anba la, nou te anba la sa fè senksanzan, ou wè, ap gade toutotou.” Kounye a, sa parèt ensanse, men se laverite. Se egzakteman sa. Se konsa Bondye te vle l.

⁸¹ Ebyen, se pou kè w beni, Sè Georgie. Okenn nwizans paka rive, anyen ditou. Nan aswè, n ap moute sou tèt mòn lan, pou ap di, “Oo Papa Bondye, yon fwa mwen te pèdi. Oo, mwen te yon fwa nan labou peche a, Papa Bondye, e Ou te sove m.”

⁸² Sa l ye, moun ki t ap eseye di ke sa t ap ale mal. Bon, nonm sa ki te ekri dènye estròf chan sa nan *O Lanmou Bondye*, ki te take sou miray enstisyon pou moun fou, ki te eseye eksprime lanmou Bondye. Jan Li te koube pou sove pechè yo, e kouman Li te fè sa, lanmou Li ki te desann pou sove oumenm avè m. Anpalan de adorasyon, Zanj yo pa konn anyen de sa! Nan zafè adorasyon, yon Anj sèlman konnen . . . Li kanpe la epi bat zèl Li ale tounen, epi fason kwaze, “Alelouya! Alelouya!” Men, oo, mizèrikòd! Kan li kesyon de konnen m te pèdi epi kounye a yo jwenn mwen, mwen te mouri, mwen vivan ankò! O Bondye, mwen te nan peche, mwen te nan labou, epi m te atè plat nan yon depotwa!

⁸³ Men sa ki mye ke vi sa ka ba ou. Èske w te janm al anba la nan depotwa Colgate la? Se kote ki pi santi m te janm retwouve m. Vye lafimen sa jis rann mwen malad pou pran sant li. Layite anba la nan tout vye lafimen sa, ou sitèlman gen mal vant, sa jis ap vire w lanvè, apre w te fin pran lwil de risen. Ou wè, jis osi malad ke w kab santi w! Epi ak rat k ap kouri toupato sou ou, ap eseye vin manje sou ou. Epi se sa k pi miyò nan vi a. E apres a yon moun lonje men l pou leve w. E ou reyèlman aje e ou paka ede tèt ou. E li jis pran w epi fè w vin yon ti jèn gason dizwitan, mete w anlè yon tèt mòn, Ak yon sante k ap fleri, o lala, ap respire bon jan lè fre konsa, ap bwè bon jan dlo byen fre. Èske w t ap janm vle tounen nan depotwa sa ankò? Jamè, jamè, jamè, pap janm retounen nan depotwa sa ankò.

⁸⁴ Bon, se sa sa vle di, zanmi. Se sa vizyon sa, oswa trans sa, pe enpòt, yon vizyon. M ap di vizyon, paske m pa ta vle ke sa blese yon moun pou m di trans, ke se sa l te ye. Ebyen, se la lè Bondye . . . sa Bondye te fè pou mennen pitit gason ak pitit fi yo a Limenm. Kounye a, kiyès moun sa yo ye? Ki jan yo te janm . . . Kisa moun sa yo te fè pou merite sa a? Kouman yo te janm fè l? Bondye, nan kòmansman, anvan yon Anj te janm fèt . . . Konbyen moun ki konnen ke Li enfini? Si Li pa sa, Li pa Bondye. Konsa,

Bondye, nan mizèrikòd enfini Li, Li te wè ke Lisifè t ap fè sa, si L te kreye sa. Li t ap mete yo sou baz lib abit, se baz sa. E ou la pi rèd, se vre, pyebwa byen ak mal la plase devan nou chak, ou fè chwa pa w. Epi Lisifè te premye moun ki te pran move chemen an. Apresa li te kòmanse atire dèyè l, avaris, ap eseye pran tout pou tèt pa l, ap eseye pase sou tèt yon lòt. Epi se la sa te kòmanse. Kounye a, koute sa a. Se la kote peche te kòmanse. Bondye, nan panse enfini L, te wè sa, e Li te wè sèl fason an . . .

⁸⁵ Kounye a, noumenm frè trinitè yo, mwen pa vle fwase nou, men kouman nan Non bon Pawòl Bondye a ou ka janm plase Jezi tankou yon moun ki separe de Bondye Limenm? Si Jezi te kab pran yon lòt moun pou fè l al mouri, pou rachte moun sa a la, Li t ap yon moun enjis. Gen yon sèl fason ke Bondye ta ka janm fè sa, se t ap pran plas la Limenm! Epi Bondye te fè L chè pou L te ka goute doulè lanmò yo, pou te retire zegwi lanmò lwen nou, pou nou te ka rachte pa pwòp Limenm. Se poutèt sa yo pral adore L konsa. Jezi te yon nonm, sèten se sa L te ye. Li te yon nonm, n-o-n-m, ke vyèj Mari te fè. Men Lespri ki te nan Li a se te Bondye san mezi, nan Li plenitid Bondye a te abite kòporèlman. Li te Jewova-jire, Li te Jewova-rafa, Li te Jewova-manase, Li te Jewova; Boukliye nou an, Pwotektè nou an, Gerisè nou an; Li te Alfa, Omega, Kòmansman ak Lafen; Li te Premye a, Dènye a; Li te la, Ki Egziste, e ki gen Pou Vini; Rasin ak Desandans David, Etwal Maten an, enben, Li te Tout nan tout. Nan Li te abite plenitid Divinite a kòporèlman!

⁸⁶ Epi lanmò te toujou gen yon zegwi, pou l pike moun, “Aah,” dyab la di, “Mwen pran w, paske w te koute m. M pike w, m ap mete w nan tonm. San mouton sa paka ede w nan anyen, se jis san yon bèt.” Men Bondye, nan sajès Li, te konnen t ap gen yon Ayo ki t ap vini, ke yo te sakrifye depi nan fondasyon mond lan. Wi, mesye. Epi yo . . . Li t ap tann tan sa, pou plenitid tan an te rive.

⁸⁷ Men yon jou lè Ayo sa te vini, Nonm sa, te bafwe menm Satan. Li te gade toutotou L, li te di, “Si W se Pitit Bondye a, fè *sa a*. Si W se Pitit Bondye a, fè yon mirak epi kite m wè W fè l. Kite m wè W fè l. An-han, Mwen pral mare yon ranyon sou figi L, pou frape W. Si W se yon pwofèt, di nou ki moun ki frape W.” Enm! “Mwen pa—Mwen pa kwè W se Nonm lan. Si se Oumenm, di nou dirèkteman ki jan fè se Oumenm.” Ou wè, tout bagay konsa. “Oo, di nou se Ou!” Li pa t louvri bouch Li. Oo, oo, èske L te wete lenn nan sou je l lè sa!

⁸⁸ Li te voye je gade disip la, e te di, “M te kab pale ak Papa M epi Li taka voye douz rejiman Zanj pou Mwen, si M te vle.” Pilat pa t tande sa, ou konnen.

⁸⁹ “Si se Oumenm! Si se Oumenm. Ooh, se pa Limenm. Enben, gade L k ap senyen. Ey, kèk nan noumenm sòlda yo al laba a epi krache nan figi L.” Krache, pase L nan betiz, rale yon ponyen bab nan figi L. “Ooh, se pa Li! Non on, se pa Li! Mwen pral ankre

zegwi m nan nan Li, gason m. Mwen pral met men sou Li anwo la. Mwen pran W kounye a!”

⁹⁰ Lè finalman Li te kriye, “Eli! Eli! Bondye! Bondye!” Se te yon nonm. “Poukisa W abandone M?”

⁹¹ Nan jaden Jetsemene, onksyon an te kite L, ou konnen, Li te oblije mouri tankou yon pechè. Li te mouri yon pechè, ou konn sa; pa peche pa L, men pa m ak pa w. Se la ke lanmou te antre, jan L te pran pa m yo! Ooh, Alelouya! Ki jan li te pran pa m yo!

⁹² E Li te la, Li pa t kab louvri bouch Li. Agasè ak zegwi pikan an te di, “Ou konnen, mwen kwè ke se te jis yon nonm òdinè. Li pa t vin de yon vyèj, paske mwen te ankre zegwi pikan m nan nan Li.”

⁹³ E men li ki te vini, li te tranpe zegwi l la nan Li, men se te move moman an, gason m! Yo te rale zegwi l la lè sa. Li pa t ka pike ankò depi lè sa, li te kite zegwi l la anndan la. Twazyèm jou a li te leve, te di, “Mwen se Sila ki te mouri a, e ki vivan ankò, epi vivan pou tout tan, mwen gen kle lanmò ak lanfè.” Wi, mesye. Li te fayi pou wè Kimoun sa a. “Epi paske M ap viv, w ap viv tou. Li poko fè aparisyon l ankò. . .”

⁹⁴ Yon jou, twa oswa kat jou apre sa, apre Li te monte bò kot Papa a, li te retounen, Apresa gen kèk ki di, “Ooh, Li se yon. . . Li—Li dwe se yon fantòm. Li dwe gen yon jan de bagay efreyan konsènan Endividi sa. E nou. . . Ou te wè L. Ou te wè vizyon an.”

“Non, Li te vrè Jezi a.”

⁹⁵ Toma te di, “Kite m wè men L ak tout bagay, mwen va di w si se sa.”

⁹⁶ Li te di, “Men mwen.” Te di, “Ou gen pwason ak pen laba? Pote yon sandwich pou Mwen.” Apresa yo te pote yon sandwich ba Li, e Li te kanpe la epi manje l. Te di, “Kounye a, èske yon espri konn manje jan m fè l la? Èske yon lespri gen chè ak zo menm jan avè M?” Ou wè? Li te di, “Mwen se Li. Mwen se sa.”

⁹⁷ E Pòl te di, “Sa poko klè ankò jis egzaktemen jan de kò n ap genyen an, men nou konnen n ap gen yon kò tankou pa L la.” Kisa? Èske L te janm gen kò teyofani sa? Wi, mesye! Lè L te mouri, Bib la di ke “Li,” pwonon pèsònèl ankò, “Li t al nan lanfè e Li te preche nanm sa yo ki nan prizon.” Alelouya! Kijan L te fè l? Li te gen sans touche, li te gen sans tandè, Li te gen sans pale, Li te preche nan menm jan de kò sa ke m te wè sila ki te glorifye yo avanyè swa a. Li te preche nanm ki te nan lanfè yo, ki pa t repanti nan tan pasyans jou Noye yo.

⁹⁸ Men lè L te resisite jou Pak la, li pa t posib pou kò sa te wè kòripsyon, Paske pwofèt David te predi l, “Mwen pap kite nanm Li nan lanfè, ni mwen pap kite Sen Mwen an wè kòripsyon. Anplis de sa kò Mwen va repoze nan lesperans, paske Li pap kite nanm Mwen nan lanfè, ni li pap kite Sen Mwen an wè kòripsyon.” E nan swasandouzè anvan ke kòripsyon te ka kòmanse, teyofani

sa, kò sa ki te al preche nanm ki te nan prizon yo, ki pa t repanti nan tan pasyans jou Noye yo, te resisite ankò, epi mòtèl la te abiye ak imòtalite, epi Li te leve kanpe e L te manje, epi Li te di nou ke L te yon Nonm. Alelouya!

⁹⁹ Se konsa n ap wè L, Frè Evans. Se lè sa Li va chita sou twòn David la. Alelouya! Se lè sa n ap pwonmennen monte desann la, M ap fè yon vwayaj avèk ou atravè mòn yo pandan yon milyon lane, ou wè, jis kèk jou, jis kèk minit, n ap travèse la, rete nan alantou yo laba.

¹⁰⁰ Epi lè pou manje a rive, ou konnen, premye bagay ou konnen, Sè Wood di. . . Mwen te di, “Sè Wood, ebyen, kote w te ye pandan tout tan sa? Mwen pa wè w depi. . . pou mwen on dirè sa fè ken z minit.”

“Ooh, sa gen de mil ane de sa, Frè Branham.”

¹⁰¹ “An-han. Kòman w santi w?” Ooh, natirèlman ou paka santi w lòt jan ke byen.

¹⁰² “Gade non, vin isit, gason m, m ap montre yon bagay nou tout, frè m yo, frè pa m yo. Men yon fontèn dlo la, pi bon dlo ke w te janm bwè. Epi, ooh, nou pral jwenn yon bon dlo byen fre. M pral rive anwo la pou pran yon gwo grap rezen, epi nou tout pral chita la pou manje l.” Èske sa pa pral yon bèl bagay? Se egzaktman sa l ye. Se jis sa.

¹⁰³ Kijan nou te gen sa a? Kijan nou fè konnen l? Bondye, anvan fondasyon mond lan, te predestine nou! Kimoun? Sila yo ki nan Latè pwomiz lan.

. . . te predestine nou pou adopsyon timoun atravè Jezikri. . . pou bon plèzi volonte l,

Pou fè lwanj glwa Li yo. . .

Pou nou ka fè lwanj Li jan Li te di a. Se sa Li te ye, Bondye. Nou vle ba L glwa.

. . . fè lwanj pou glwa li ak gras li, kote ke li te rann nou akseptab nan byeneme a. (Nan Kris la yo te aksepté nou.)

Nan kimoun nou gen redanmsyon atravè san an, padon pou p-e-c-h-e yo. . .

¹⁰⁴ M ap oblije tounen sou adopsyon an, men mwen vle kanpe sou “peche” la pou yon minit. “Peche,” èske w te remake sa? Ou konnen ke Bondye pa kondane yon pechè poutèt li komèt peche? Li kondane l antanke pechè. Si yon pechè fimen yon siga, li pa kondane l pou sa; li se yon pechè, detoutfason. Ou wè? Ou wè? Li pa gen okenn peche, pechè a pa genyen. Li se jis yon pechè, ou wè, li pa gen okenn peche. Men oumenm ou gen peche, oumenm ki kretyen. Remake la l ap pale ak Legliz la. Ap gade l dwat. Ou wè? Ou wè? “padon pou peche,” p-e-c-h-e. Nou komèt peche. Men pechè a li se jis yon pechè, Bondye pa padonnen l.

¹⁰⁵ Ebyen, ou di, “Oke, li te al la epi l te tire yon nonm. Kisa w pral fè pou sa?” Sa pa regade m. Mwen pa yon refòmâtè, mwen se yon predikatè. Lalwa pral okipe l de sa, yo se refòmâtè. Yo se . . . “Bon,” yo di, “li fè adiltè.” Sa, sa—sa regade lalwa. Sa se ant li menm e lalwa. mwen—mwen—mwen—Mwen pa yon refòmâtè, mwen pa p refòme moun. Mwen vle yo vin konvèti. Mwen se yon predikatè, ou wè, biznis mwen se mennen l bay Bondye. Si l te peche, se biznis pa l, li se yon pechè. Bondye kondane li nan yon nivo ki pi elve. Li se yon pechè pou kòmanse, li te kondane pou kòmanse. Li pa t menm rive nan premye baz la, li—li—li pa okenn kote. Li se yon pechè pou kòmanse. Li pa gen okenn peche, li se yon pechè.

¹⁰⁶ Ou pa t kab soti epi di, “pati *Sa a* se lannwit, e pati *sa a* se pa lannwit.” Non, se lannwit nèt, jis lannwit nèt. Se sa Bondye te di. Se vre, li se jis yon pechè, se tou. “Kounye a, li te fè sa, *sa a* se lannwit, *sa a* se vrè lannwit byen klere la.” Mwen konnen, ke se jis totalman lannwit, se tou. Ou wè?

¹⁰⁷ Mwen pa t kab di, “Pòsyon *sa a* se limyè jis la.” Non, se jis limyè nèt, ou wè, jis limyè, ou pa ka di ki kantite. Ou wè? Men si l gen yon tach nwa nan *sa a*, alòs gen fènwa ladann.

¹⁰⁸ Konsa “peche,” p-e-c-h-e, nou gen padon pou peche nou yo atravè (kisa?) San Li, presye San an.

. . . *dapre richès li ke . . .*

¹⁰⁹ Kijan nou te rive bliye sa? Poutèt nou gen merit, poutèt nou te fè yon bagay pou peche nou yo te padonnen? Kisa Limenm?

. . . *gras;*

¹¹⁰ Oo, la la! M pa t pote anyen ak fòs ponyèt mwen, Seyè. Anyen m te kab fè, pa gen yon sèl bagay m te kab fè. Gade! Li te predestine m, li te rele m, li te chwazi m. Mwen pa t janm chwazi L. Li te chwazi m, Li te chwazi w, Li te chwazi nou tout. Nou pa t chwazi Li. Jezi di “Ou pa t chwazi M, Mwen te chwazi w.” Li te di, “Pèsonn pa ka vin jwenn Mwen sof si Papa m atire l dabò, e tout sa Papa a te ban Mwen an ap vin jwenn Mwen. Epi pa gen youn nan yo ki te pèdi, eksepte pitit pèdisyon an, pou akonplisman—Ekriti a.” Ou wè? Li te di, “Men tout sa Papa a te ban Mwen ap vin jwenn Mwen.”

¹¹¹ Ooh, m kòmanse twò ta, pa vre? E pa p janm soti nan sa a. M poko menm kòmanse sou sa ankò. Kite m depeche m, mwen dwe rive a yon bagay drèt la jis prese prese kounye a, epi n ap fè vit. Mwen oblije retounen sou adopsyon sa a jis yon minit. Ooh, èske w ap ekskize m jis pou—jis pou yon minit? Ann pran sa a la, kèk nan moun sa yo sot nan fon Georgia yo isit la pou aswè a sèlman, ke kè yo beni. Kounye a, frè Georgia, ak frè Texas yo epi kèlkeswa kote w soti a, tande vèsè 5 sa a. Ann rete sou li pou kèk minit.

Lè nou te predestine pou al nan direksyon—al nan direksyon . . .

112 Kisa mo “al nan direksyon an” vle di, mo “al nan direksyon an”? Sa vle di yon bagay ke nou pral nan direksyon l, ale nan direksyon. “M pral nan direksyon fontèn dlo a. M pral nan direksyon chè a.” Humes, ou konprann sa? “Mwen pral nan direksyon biwo a.”

Kounye a, li te predestine nou pou al nan direksyon adopsyon timoun yo pa Jezikri pou limenm, daprè Pwòp bon plezi volonte pa L,

113 Ki kantite plezi? Plézi kimoun li te ye, bonte kiyès? Pwòp pa Li. Pwòp bon plezi Li Pwòp volonte Li.

114 Kounye a, kisa ki “adopsyon”? Bon, kite m pran sa a kounye a, mwen pa konnen si . . . Mwen pap gen tan pase atravè sa, men m ap touche l. Lè sa a si gen yon kesyon, ou ka mande m yon ti jan pita a nenpòt moman nan yon mesaj, yon bagay konsa. Tande. Adopsyon w se pa nesans ou. Adopsyon w se plasman w. Lè w te ne de nouvo, Jan 1:17, mwen kwè, lè nou ne de Lespri Bondye, nou se pitit Bondye. Men nou te predestine. Kounye a men sa m ap eseye fè w wè a, pou timoun dènye jou yo, ou wè, pou . . . Ou wè? Nou te predestine pou (al nan direksyon) adopsyon.

115 Bon, kounye men nou la. Kounye a, sa a se sa ki fè Pannkotist yon ti jan mal. Yo di, “Mwen te ne de nouvo! Lwanj pou Seyè a, m te resevwa Sentespri a!” Byen. Ou se yon pitit Bondye. Se vre. Men poutan se pa de sa m ap pale. Ou wè, ou te predestine pou adopsyon. Adopsyon, se plasman yon pitit gason.

116 Mwen twò pre sa a, paske Becky te di m ke mwen vin twò pre l, ou paka tandè dèyè a. M ap . . .

117 Ou wè, yon timoun. Konbyen moun ki konnen règ adopsyon nan Ansyen Testaman an? Natirèlman, ou te gade l. Yon pitit gason te fèt. Mwen kwè mwen te genyen l nan yon predikasyon. Kisa l ye, Gene, ou sonje? Li sou yon kasèt. Oh, kisa sa te ye? Mwen—mwen—mwen—mwen te touche l. Oh, wi, mwen jwenn li, *Koute Li. Koute Li*, adopsyon timoun yo.

118 Kounye a, nan Ansyen Testaman, lè yon—lè yon timoun te fèt nan yon fanmi, li te yon pitit lè l te fèt, paske li te vin de paran li yo, li te yon pitit gason nan fanmi an pou eritye tout bagay. Ebyen, men pitit gason sa a te edike ak edikatè. Galat, chapit 5, vèsè 17 rive nan vèsè 25. Dakò. Edikatè, gadyen timoun, pwofesè te elve l. Kounye a, pa egzanp, si m te gen yon pitit gason ki fèt, ya p di, mwen se yon papa epi . . .

119 Epi se rezon sa ki fè nan Bib Wa Jak la, konbyen moun ki te janm panse ke nan Vèsyon Wa Jak lekti a vrèman biza, li te di, “Nan kay Papa M, gen anpil kokenn bitasyon”? Yon kay, ak anpil gwo bitasyon. Ou wè? Vrèman, nan—nan epòk yo te tradui Bib la pou wa Jak, yon *kay* se te yon “domèn.” “Nan *domèn* Papa M nan

genyen anpil gwo bitasyon.” Pa nan yon kay, nan gwo bitasyon, men yo te rele L domèn Papa a. Yo te genyen l vrèman fason bibliik la, nan Bib la se fason sa li ye.

¹²⁰ Lè yon papa te gen yon gwo fèm mil-kawo tè, oswa yon lòt bagay konsa, li te gen yon bann moun ki t ap viv bò *isit la*. Li te anboche plizyè èd ki t ap viv *la* pou okipe mouton, li te gen kèk *la a* pou okipe twoupo a, li te gen kèk *la* ki te monte nan chan anwo a anviwon yon santèn kilomèt pi lwen, epi li te gen kèk bò *isit la* ki t ap pran swen kabrit yo, epi li te gen kèk ki t ap okipe de milèt ak—ak diferan lòt bagay. Li—li jis te gen yon kokenn chenn wayòm. Apre sa li te konn monte sou ti bourik li pou l fè tou kot chak moun pou wè kijan yo t ap degaje yo, razaj mouton yo ak tout bagay konsa. Li pat gen tan . . .

¹²¹ Nou paka tandè m lè m deplase la. Mwen—mwen—M ap eseye rete pa dèyè la. Èske nou tandè m byen kounye a, la? Obsève.

¹²² Li te konn galope al lwen, e l te konn ale, ap eseye—pran swen wa—wa—wayòm li. Kidonk kounye a li vle . . . Pitit gason sa pral eritye tout sa l genyen. Li se yon eritye.

¹²³ Epi lè nou fèt nan Wayòm Bondye a, atravè Jezikri, nou se eritye Syèl la, eritye ansanm ak Jezi, paske Li te pran plas nou. Li te vin noumenm (peche), pou n te kab vin Limenm (ladwati). Ou wè? Li te vin tounen mwen pou m te ka vin Limenm, ou wè, pou vin eritye ansanm avèk Li. Dakò, kounye a sonje sa, pou chak nan nou.

¹²⁴ Kounye a, sonje, Bondye te predestine w, pa presyans, ke w t ap vin Sa. Tout moun ki konprann li, leve men w, ou wè. Bondye, gras a presyans, te predestine w pou w vin nan Latè pwomiz. Kisa Latè pwomiz ye pou Kreyen an jodi a? Jis leve men w si w konnen. “Pwomès la se pou oumenm ak pitit ou, pou sila yo ki byen lwen yo. E sa pral rive nan dènye jou yo, Bondye di, M ap devèsè Lespri M sou tout chè, sou pitit gason w ak pitit fi w yo.” Epi nan Ezayi 28:18, “Presèp dwe ale sou presèp, liy sou liy; yon ti bagay isit, yon ti bagay la. Kenbe fèm sa ki bon an. Paske M pral pale ak pèp sa a ak bouch k ap bege, ak nan lòt lang. Epi sa a se Repo a, Re—Repo a, peyi saba a ke m te di yo dwe antre ladann lan. Epi, pou tout bagay sa yo, yo pa t vle tandè, men yo souke tèt yo epi yo vire do yo ale, e pa ta vle tandè L.” Ou wè? Egzakteman.

¹²⁵ Kisa sa te ye? Jis egzatemman menm jan ak moun sa yo ki te sot jouk lòtbò peyi Kanaran, oswa peyi Lejip, jouk anwo nèt atravè dezè a, epi te rive toupre, pre ase pou goute rezen ki te sot nan peyi a. Frè, la, mesye sa yo vle pou m retire sa, ki nan Ebre 6 la. Kijan m ka fè sa? Kwayan fwontalye sa yo, yo p’ap janm travèsè! Yo paka travèsè. Jezi te di, “Nou . . .”

Yo te di, “Zansèt nou yo te manje lamàn nan dezè a.”

¹²⁶ E Jezi di “Yo te, yo chak, te mouri.” Sa se separe. Yo te, yo chak, te mouri. Se sa. Li te di, “Men mwen se Pen lavi a ki vin

de Bondye ki nan Syèl la. Moun ki manje Pen sa a, li p ap janm mouri. Se vre. Wi, mesye, l ap gen Lavi etènèl si l manje Sa a, mwen se Pyebwa Lavi a ki vin de jaden Edenn lan.”

¹²⁷ Kounye a, ou wè, moun sa yo te rive tèlman pwòch! Gade, si nou remake nan Ebre 6, pa pou retounen sou sa, men nan Ebre 6, “Moun sa yo yon lè yo te vin patisipan, yo te rive sitèlman pwòch, e yo te goute don Selès la.” Yo te rete nan viwonn lan, yo te wè gerizon fèt, yo te wè moun ki gen pouvwa Bondye a, yo te wè dè vi ki te chanje, men yo pa t vle met men yo nan Sa. Non, mesye. Non, mesye. “E yo te goute pwisans mond k ap vini an; epi si yo ta eseye renouvle tèt yo ankò nan repantans, lè yo te wè ke yo—ke yo te krisifye pou tèt pa yo Pitit Bondye a yon lòt fwa, e ke yo te estime San alyans lan ki te sanktifye yo a . . .”

¹²⁸ “Mwen se manb yon legliz ki kwè nan sanktifikasyon.” Se byen osi lontan ke sa ap vanse, men nou pat ale ase lwen. Ou wè? Wi, mesye. Dezè a te sanktifye yo. Wi, se sèten. Yo te gen—yo te gen sèpan deren an ak—ak lotèl deren an, epi tout bagay deyò la, sanktifikasyon, men yo te antre nan Lapalestin pou repo. Pa vre . . .

¹²⁹ Gade nan Ebre 4, èske l pa t pale de “yon lòt Repos”? Bondye te kreye setyèm jou a epi li te ba yo repo setyèm jou a. Yon lòt kote li te pale de yon jou repo, “epi jodi a nan David.” Apresa Li ba yo yon lòt repo, “Vin jwenn Mwen, nou tout k ap redi travay ak chay lou, M ap ban nou Repo.” Antre nan Repo sa a! Paske nou menm ki te antre nan Repo sa a nou te sispann fè zèv nou yo menm jan Bondye te fè l pou pa L la jou saba a. Sètènman. Men Repo Saba w la. Men vrè Repo w la nan Latè pwomiz sa a.

¹³⁰ Sentespri a se pwomès pèp la. Epi poukisa yo vle predikatè entèlektiyèl edike k ap kite yo mete bout pantalon epi koupe cheve yo, epi woze bouch yo, ak gason k ap jwe aza ak bwè byè epi k ap bay blag, k ap vanse epi kontinye konsa, pou ap rele tèt yo manm legliz? Enben, y ap pran yon bagay konsa e y ap refize kondwit Sentespri a! Kisa l ye, Bib la di Pawòl Bondye a pi file pase yon epe de bò ki koupe menm zo, e ki menm disènè panse nan kè. Wi, menm panse ki nan lespri!

¹³¹ Epi si nou renmen monn lan oswa bagay ki nan monn lan, lanmou Bondye pa menm nan nou. “Gen anpil yo rele, men yo chwazi yon ti ponyen; paske pòtay la sere epi chemen ki mennen nan Lavi a trè sere, e men se yon ti ponyen moun k ap jwenn li. Anpil moun va vin kote M jou sa pou chita nan Wayòm lan,” Jezi te di, “ak Abraham, Izarak epi Jakòb. Men yo va jete deyò pitit wayòm nan, e yo va di, ‘Seyè, èske n pa t fè *sesi* nan Non W? Eske nou pa t preche? Èske nou pa t Doktè *entèl entèl* ak Reveran *entèl entèl*?’ ‘Mwen pa t janm konnen w. Wete kò nou sou Mwen, noumenm ouvriye k ap fè mechanste, Mwen pa t konnen w.’ Se pa tout moun k ap di, ‘Seyè, Seyè,’ ki va rantre. Men sila ki fè Volonte Papa M ki nan Syèl la, se sila k ap antre.”

¹³² Men sa l ye, se antre nan Latè pwomiz sa a. Kijan n antre ladann? Nou te predestine pou sa. Legliz la, grasa presyans Bondye, te predestine (a kisa?) a lonè Li, pa gras Li, a laglwa, epi adorasyon ak glwa Bondye. Papa, ki te chita la ba a depi nan konmansman, ki te egziste poukont li, pa t gen anyen bò kote L, te vle gen yon bagay pou adore L, konsa Li te òdone davans epi predestine yon Legliz, anvan fondasyon monn lan, epi te mete non yo nan Liv Lavi Ayo a, lè yo . . . sakrifye anvan fondasyon monn lan, pou yo te ka parèt pou glwa Li ak lwanj Li nan fen tan an, lè tout bagay pral rasanble nan sèl Nonm sa, Jezikri. Fyouw! Glwa! Men ni. Sè jis. . . Epi se sa drèt la, frè m, sè m. Pinga w janm bouje de bagay Sa.

¹³³ Bondye, gras a eleksyon Li, te rele w. Bondye, gras a eleksyon Li, te sanktifye w. Bondye, gras a eleksyon L epi pouvwa L, te batize w epi mete w nan peyi Repo sa a. Sila yo ki te antre nan Repo sa a te sispann ale kwochi. Yo te sispann zèv yo tankou Bondye te fè pou tèt pa L. Yo gen yon lajwa ke w paka ekspriime, epi ranpli ak glwa! Pyebwa Lavi a ap fleri nan yo. Yo gen andirans, jantiyès, bonte, pasyans ki pwodui lafwa, lafwa, dousè, jantiyès, elatriye. Pyebwa Lavi a ap fleri nan yo paske espwa yo ankre nan Jezikri, temwen Sentespri a rann temwayaj ak siy ak mirak k ap swiv kwayan yo. “Siy sa yo va swiv moun ki kwè yo.” Pandan yo sou wout, y ap geri malad, y ap chase demon, y ap pale an lang, y ap gen vizyon. Yo . . . Epi y ap mache ak Bondye, y ap pale ak Bondye. Okenn demon paka ebranle yo, yo rete fèm, ap ret tann . . . ? . . . Yo bliye bagay sa yo ki pase, yo kontinye ap mache nan direksyon gwo apèl remakab nan Jezikri a. Men yo. Men yo. Se Legliz la sa.

¹³⁴ Kijan yo te fè rive la? Ou pa ka di, “Ebyen, Seyè, Ou konnen, yon jou mwen te kòmanse fimen siga, epi m te tonbe, apres, m te panse mwen ta . . .” Oo, non, non, non, non.

¹³⁵ Predestinasyon! Li te rele nou, epi lè nou te swiv Li se lè nou te di, “Bondye, nou te pèdi epi fini. Nou pa t menm gen lide pou te menm sove tèt nou. Nou te gen nati yon kochon, nou te yon bann kochon pou kòmanse.”

¹³⁶ Al nan yon pak kochon epi chache yon vye manman kochon, epi di, “Kounye a, gade non, vye granmoun, m vle di w yon bagay. Se pa byen pou w ap bwè dlo labou.”

¹³⁷ Li t ap reponn, “Wenk-wenk.” Ou wè? Kounye a, se jis menm kantite chans ou genyen pou sove pwòp tèt ou. Se egzakteman sa.

¹³⁸ Ou di, “Madanm, ou pa ta dwe abiye w konsa, ou ta dwe abiye kòrèkteman. Ou ta dwe fè *sesi*. Ou pa ta dwe al nan . . . Ou pa ta dwe fè jwèt kat sa yo. Ou pa ta dwe fimen sigarèt. Ou pa ta dwe fè *sesi*. Mesyè, ou pa ta dwe mete *sela*.”

¹³⁹ L ap reponn, “Wenk-wenk. M fè pati de *Wenk-wenk*.” Enhen. “Wenk,” sa se toujis tout sa yo konnen. “Bon, m ap fè w konnen ke m osi bon ke ou. Wenk-wenk!” Ou wè, yo rejte konduit

Sentespri a, paske Bib la di ke si w renmen monn lan oswa bagay ki nan monn nan, lanmou Bondye pa menm nan ou.

¹⁴⁰ Kisa k fè yo patikilye? Ou se yon nasyon ki sen. Kisa w te fe? Ou te antre nan peyi a. Ou nan yon lòt Peyi. Kijan w te fè rive la? Sa se Latè pwomiz. Kijan de pwomès? “Bondye di, sa va rive nan dènye jou yo, ke M pral devèse Lespri M sou tout chè.” Pa yon sèl Lespri nou tout te batize nan sèl Latè pwomiz sa a. Amèn. Frè m ak sè m yo, alélouya, ak yon kè fran, san jalouzi, san inimitye, anyen menm! Mwen pa fè ka si yon frè fè wout kwochi, kèlkeswa sa l fè a, al dèyè l.

¹⁴¹ Mwen te al dèyè yon frè pa gen lontan de sa, li te fè wout kwochi. Yon jenn gason te di m, li te di, “Kite rebèl sa ale. Kite l trankil.”

¹⁴² Mwen te di, “Si m ta janm rive nan yon pwen kote ke kè m pa avèk frè m, Alòs li lè pou m ale a lotèl, paske mwen te soti anba gras Bondye.” Mwen te di, “Mwen prale osi lontan li gen souf nan kò l, epi m ap ratrape l yon kote sou liy lapèch la.” Wi, mesye. E m te ratrape l, alélouja, mennen l tounen. Wi, mesye. Li tounen nan twoupo an san danje kounye a. Wi, mesye. Li t ap fè wout kwochi osi sèten ke monn lan.

¹⁴³ Sa gen yon ti tan lè m te wè pòv ti madanm sa ki chita la, e cherif la te rele m, li te di, “Enben, li ta dwe nan yon kamizòl de fòs.” li te di, “Li jis ap delire, li pèdi tèt li.” Manzè—manzè, yo mete l nan yon otèl. Yo te vini.

Mwen di, “Se kòrèk.”

¹⁴⁴ Li te di, cherif la te di, “Enben, Billy!” Mwen konnen l trè byen, e m te konnen l depi m te timoun. Li te di, “Si gen yon bagay m ka fè pou ede w.”

Mwen te di, “Se kòrèk.”

Li te di, “Èske w ka ede manzè?”

Mwen te di, “Non, men *Limenn* kapab.” Mwen te di, “Tann yon minit.”

¹⁴⁵ Konsa yo te mennen l deyò la. Epi lè l te kite yon ti moman de sa, se ak kè poze. Se te kisa? Nou te voye lapriyè al chache l. Amèn! Li te tèlman . . .

¹⁴⁶ Yo te di, “Èske w vle rele yon doktè?” Yo te mande mari l, “Ou vle rele yon doktè?”

¹⁴⁷ Yo te di, “Yon doktè paka fè anyen pou li.” E se sa. Manzè te fou; doktè paka fè anyen pou li.

Yo te di, “Sèl espwa nou se te rive *la a*.”

E l te di, “Billy, mwen pa konprann sa.”

M te di, “Mwen pa atann pou w konprann,” ou wè, “pa atann pou w konprann.”

148 Men, o, la la, ni mwenmenm mwen pa konprann sa! Non. Men, frè, Bondye nan Syèl la. . . Mwen te lwen, deyò a yon fwa, Yon bagay te vin chache m. Amèn! Se pa paske m te vle vini, men, non, Yon bagay te vin dèyè m. Paske anvan fondasyon monn lan, Bondye te predestine, alelouya, ke nou ta dwe pou Li, pou lonè ak glwa Li. Tande! Sila yo ke L te konnen davans, Li te kisa? Te rele. Se sa? Èske L te rele w? Ya! Poukisa L te rele w? Li te konnen w davans. Sila yo Li te konnen davans, Li te rele yo; sila yo Li te rele, Li te jistifye yo. Eske se sa? Epi sila yo ke Li te jistifye, Li te glorifye yo! Amèn! Se sa ke Bib la di, “Sila yo ke Li te konnen davans, Li te rele yo.” Chak jenerasyon! Sila yo ke L te rele, Li te deja glorifye yo. Se kisa? Kite m li Ekriti a la. Dakò.

Li te predestine yo pou yo te timoun adopte atravè Jezikri pou limenm, selon Pwòp plezi Li. . .

Pou lwanj glwa Li. . .

149 Oo, ou sezi l? Pou lwanj glwa Li! Pou L te kab rete la nan laj Etènèl yo ki te gen pou vini yo, epi pitit Li yo ki t ap rele fò, “Papa, pa M nan! Papa, pa M nan!”

150 Epi Zanj yo mande, “De kisa y ap pale la? De Kisa y ap pale la?”

151 Sa te tèlman byen ekspoze nan fis pwodig la. “Mwen te pèdi.” “Sa a se pitit mwen. Li te pèdi e kounye a yo te jwenn li. Li te mouri, e li vivan ankò. Pote ti towò bèf gra a, pi bon rad la, yon bag pou mete l nan dwèt li. Epi ann. . .” Se pa etonan lè zetwal maten yo t ap chante ansanm, pitit Bondye yo t ap rele byen fò ak kè kontan, Lè yo te wè plan delivrans lan, Bondye k ap mete non w nan Liv la anvan fondasyon monn lan.

152 Kounye a ou di, “Calvin te kwè yon bagay konsa.” Mwen pa sèten Calvin te kwè l. Calvin te yon ansasen. Calvin te touye yon nonm paske l te batize nan Non Jezi. Li te yon koken, li te bezwen konvèti, limenm. Wi, mesye. Men sa l te di, gen kèk bagay li te di, ki te vre. Pa ke. . . men sa li. . . Aksyon li, yon nonm ki touye yon lòt pou yon bagay konsa, sa tèrib, sa se peche. Trè byen.

Kote ke li te repann avèk abondans sou nou. . .

153 Oo, tann, M pa t sezi “adopsyon sa,” pa vre? Èske mwen twò anreta? Ann gade sa revèy sa di anwo la, ki lè nou genyen la. Se byen. Jis—jis ann pran dis minit akòz moun sa yo ki sot tèlman lwen. Gade. Gade.

154 “Adopsyon,” kite m montre w poukisa li te fèt kounye a. Yon papa gen yon gwo wayòm, l ap pakouri a cheval toutotou. Kounye a li gen yon pitit gason ki fèt. Oh, li sitèlman kontan! (Sa se Bondye.) Kidonk ou konn kisa papa sa a fè? Li jwenn pi bon edikatè, pwofesè. Ou konnen kisa yon edikatè ye, pa vre? Se yon pwofesè lekòl. Li jwenn pi bon pwofesè lekòl li te ka jwenn nan tout peyi a. (Après nou prale kounye a, koute.) Epi li jwenn pi

bon pwofesè ke l te ka jwenn. Li pa jis jwenn yon magouyè, li vle pou ti gason l lan vin yon vrè sitwayen.

¹⁵⁵ Eske w pata vle pitit ou fason sa? Sèten, lemye ke w ka ba yo! Wi, mesye. Kidonk si yon nonm natirèl te panse sa, kisa w imagine ke Bondye panse pou pitit Li yo? Meye ke L ka jwenn.

¹⁵⁶ Konsa, li vle yon nonm ki pral onèt. Kounye a, li pa moun . . . vle yon nonm pou di, “Kounye a, gade, mwen—mwen . . . Junior, jis fè tout sa w vle, cheri.” “Oo, wi, papa, en-hen, l ap degaje l trè byen, li se yon bon gason.” Aksepte yon ti tap nan do l epi yon pay nan chapo l. Non, non. Yo t ap revoke endividi sa touswit. Sèten. Li vle yon nonm ki pral veridik. Si ti gason sa a ap devlope byen, l ap di l. Si l pa sa, di l sa k pa mache a.

¹⁵⁷ E si yon papa terès te panse sa . . . Ou pa ta renmen yon nonm ki onèt avèk ou, pwofesè lekòl la pou l onèt konsènan timoun ou yo? Se sèten. Bon, kisa w kwè Bondye panse? Epi Li konnen; pa noumenm, Li konnen. Nou limite, nou pa t kab di. Men Li enfini e Li konnen tout bon.

¹⁵⁸ Alò, èske w konnen sa Papa a te fè? Li pa t janm di, “Mwen pral chache yon pap pou veye sou timoun Mwen yo.” Ni Li pa t di, “Mwen pral chache yon—yon evèk.” Non, non. Li pa t fè sa, paske L te konnen pap la t ap nan erè, menm bagay la pou evèk la. Ou wè? Li pa t janm di, “Mwen pral chache yon siveyan jeneral pou veye sou legliz Mwen yo.” Non, non.

¹⁵⁹ Li te pran Sentespri a. Se te edikatè Li, en-hen, pou elve pitit Li yo. Se byen. Kidonk kijan w fè konnen ke Sentespri a konn sa? Li pale atravè bouch moun. Kijan w fè konnen lè sa ke L ap di Laverite? Se lè w wè Sentespri a ap pale atravè yon bouch k ap di egzaktman Laverite chak fwa, k ap predi epi fè rive jis pafètman, tankou Samyèl te di a, Lè sa, ou konnen se Laverite. Sa ap aliye byen. Paske Bondye di, “Si li pale epi sa li di a pa rive, pa tandè l, paske Mwen pa avèk li. Men, si l fè sa, ebyen, lè sa a tandè l, paske Mwen avèk li.” Ou wè? Men ni. Se konsa Li aji.

¹⁶⁰ Bon, apresa, Li fè tout tou a. Kounye a, kisa w panse edikatè sa ta di si L ta dwe al kot Papa a? Pou ap di, “Pitit—Pitit ou yo konpòte yo mal anpil. M ap di W, ti gason W sa, li, hmm, li se yon rebèl. Li se yon senp ouvriye, mwen pa janm wè yon endividi konsa! O la la, ou konn kisa l fè? Epi ti fi W la! Oo, fiouw, m pa konn kisa W pral fè avè l. Hmm. Bon, ou konn yon bagay? Manzè sanble jis tankou l . . . Li makiye toupatou tankou kèk nan ti fi lòtbò sa yo. Fi Filisten yo. Wi, Mesye, li vle aji menm jan y ap fè a.”

“Pitit fi M nan?”

¹⁶¹ “Wi, pitit fi W la.” Se sa Lespri Sen an oblije di de legliz la jodi a. Se pa etonan nou paka gen yon revèy. Ou wè? Kounye a, sa se vre.

“E pitit gason W lan? Hen? Menm bagay.”

“Kisa?”

162 “Bon, Ou konnen Ou te toujou di ke brebi sa yo ta dwe rasanble nan patiraj sa anwo a la nan Manje mouton sa anwo a la. Wi, Ou konn sa l te fè? Li te kondwi yo desann anba a la nan pil raje sa. Te jis mennen yo desann la epi lage yo tout nan kannal sa, epi kite yo lonje la nan pil raje sa, pou ap manje vye grangozye sa yo, epi yo sitèlman pòv ke yo apèn kab soti la.” Sa se evèk, pastè ki renye Pouvwa a. “Ebyen, m ap di W laverite, mwen pa t janm wè yon bann brebi sou tansyon konsa nan lavi M.” Li pa renmen sa. Non. “Epi Ou konn yon bagay? Betay yo ki anwo la, Ou konnen Ou—Ou te di yo pou manje zèb Alfafa sa—sa ki anwo a, Ou konnen, pou angrèse yo?”

“Wi.”

“Ou konn kisa l ap ba yo?”

“Non.”

163 “Bann vye move zèb sa yo. Wi. L ap fè yo fè pati de sosyete ak bagay sa yo. Ou pa janm te wè bagay konsa nan vi W. Ou pa t janm wè yon tèl bagay nan tout vi W. Ou konn sa l ap fè? Al pwomnen deyò a la ap fimen yon gwo siga, li te rekile fè bak. Li te gen madanm li avè l, manzè te met yon bout pantalon menm jan moun Filisten yo ap fè deyò la. Wi.” Se jan de mesaj Sentespri a oblije bay osijè de legliz jodi a. Kounye a, ki sa w panse de sa?

164 Sa se adopsyon. Kisa Li . . . Li te fè? Li te predestine nou—pou yon adopsyon. Li bannou Sentespri a; men, tann yon minit, adopsyon, se de sa n ap pale la. Adopsyon!

165 “Ebyen, Ou konn kisa l fè? Evèk la te vin la lòt jou, e l te di. Li t ap fè yon ti sèvis gerizon anba la, epi evèk la te vin ap pase. Gen yon sitwayen, yon frè, ki te pase e li te priye pou malad yo. E l te di, ‘Sispann sa!’

“‘Oo, oo, wi, monpè evèk, m ap fè sa.’

“‘Pinga w kolabore.’

“‘Oo, non, non, monpè evèk, sètènman pa.’

166 “E men mwen ki te vin la e m te di l Laverite ki sot drèt nan Pawòl Ou a. Ou wè, Men Ni. Mwen te li lwa W yo pou li egzaktman sa pou l fè, e li pa t vle tandè yo. Li te di, ‘Oo, se te pou yon lòt aj, yon lòt pitit gason nan yon lòt tan. Sa pa vle di mwen menm.’” Men ni. Sa, kounye a se Laverite, zanmi. Bon èske w pa wè kote legliz rate plasman l lan, poukisa nou pa gen revèy, poukisa nou pa gen kichòy k ap rive? Se la sa tabli.

167 Jozye di “Tribi Gad, mwen vle pou . . . tabli jis la dapre plan an, plas ou tabli la, jis la isit la. Antre la, tribi Gad, epi rete la. Tribi Benjamen, desann jis anba la. E kounye a nou tout rete lwen fwontyè Filisten yo.” Apresa, Jozye tounen, men yo ki toupatou nan pati filisten yo, yo te gen yon gwo sware fèt, jis ap danse konsa, e tout medam yo byen makiye, epi ap pwonmennen danse

e yo t ap pase yon bon moman. E Jozye grate tèt li, e li di “Kounye a se kisa?” Kounye a se jis egzakteman sa k ap rive; pa yo tout, mèsi Bondye, pa yo tout, men gen twòp. Dakò.

¹⁶⁸ Kounye a kisa k rive lè sa? Se sa ki te rive. Ou pa imajine w Moun sa, Sentespri a, byen wont devan Papa a lè L te oblije di sa? Oh, mezanmi! “Mwen—mwen—mwen te pale l, men li—li—li pa t vle tandè Sa. Mwen te di l sa, epi m te fè l li drèt nan Liv la. M te gen—m te gen yon ti minis ki te vin la pou montre l ke Jezikri se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan. E ou konn yon bagay? Li te kite youn nan yo—kite youn nan ansyen gadò bouk kabrit yo vin isit la pou fè l konnen ke sa se te pou yon lòt aj. Ou wè? E li te sitèlman gen move sant letan pou l te al laba a, ak odè bouk kabrit, Ou konnen, siga, epi Ou konnen, ak lòt bagay, te vin gen sitèlman move sant lè li te vin bò isit la. Ou wè? Men m ap di W, ke gadò bouk kabrit sa te gen ase meday akwoche sou li, paske, m ap di W, si W ta ekri non l nan journal, sa t ap pran (tout anons lanmò l) sa t ap pran yon mwaye yon paj pou ekri tit li yo. Wi, Mesye, yo sètènman renmen l laba nan peyi sa, men, mwen di W, se sèten li pa konn kijan pou bay brebi manje. Sa se yon nan bagay avèk sa. Li jis pa vle tandè M,” Sentespri a di. “Mwen te eseye di l ke Ou se menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan, men li—li jis pa vle fè l. Li se pi gwo kapon ke M te janm wè nan vi M. Ya. Epi legliz te mete l siveyan, evèk, elatriye, tout pèp la ap tandè l. E apres a Ou konn yon bagay? Yo pran sila yo . . . yo te pran yon vye ti bagay anba la ke yo rele ‘televizyon.’ Ou limen vyep ti bagay *konsa*, epi—epi medam sa yo vini epi kòmanse ap mal konpòte yo, ak tout sòt de rad a mwaye. Epi, ou konnen, anpil nan pitit fi W yo ap imit- . . .”

“Oo, se siman pa!” Ou wè?

¹⁶⁹ Sa w di, “Wi, se vre. Wi, ya p fè l. Hmm. Kèk nan yo ap rele mande revèy, Papa, kèk nan yo vle l reyèlman. Kèk nan yo ap vrèman mache sou liy lan, kèk nan yo ret kanpe jis vrèman fidèl sou Pawòl sa jan yo kapab. Gen lòt, mwen pa konn sa pou m fè, yo—yo lwen deyò a la. Ou konn sa lòt sa yo ap fè? Y ap pase yo nan rizib, ap di, ‘Yo se jis yon pakèt bann woy woy.’”

“Ebyen, sa fè M santi m mal anpil.”

¹⁷⁰ Men kounye a, ann chanje tablo a. Kounye a Papa a, pitit gason L lan se yon bon ti gason. Papa L menm—menm kote a, men yon Edikatè, Sentespri a. Ki direksyon Sentespri a, Li te di, “m ap mache,” Edikatè a te di, “Mwen . . .”

¹⁷¹ Timoun nan reponn “M ap mache drèt avèk Ou. Mwen pral drèt avèk Ou.”

“Oh, ti mòn lan wo anpil, pitit gason m.”

¹⁷² “Mwen pral avèk Ou. Mwen gen konfyans nan Ou. Si m kòmanse fatigue, L ap leve men m epi l ap kenbe m.”

“Men gen lyon anwo sou ti mòn lan la!”

173 “Pa gen pwoblèm osi lontan ke W nan viwonn lan, sa p ap fè yon ti kras diferans. M ap toujou mache ansanm avè W.”

“Gen twoub anwo la, se wòch glise.”

174 “Mwen pa gen pwoblèm, toutotan W ap kenbe men m, m ap mache drèt ansanm avè W. M ap mache drèt ansanm avè Ou.”

“Oh, ou konn yon bagay? Papa W te konn fè sa, ou wè. Sa se byen. Wi, mesye.”

175 Rive sou tèt mòn nan la. “Oo,” Li te di, “Ou konn yon bagay, Papa? Pitit gason W lan se jis yon fotokopi de Oumenm. Li absoliman, egzakteman tankou W. Chak Pawòl Ou di, li reponn ‘amèn’ a Sa. Mwen—Mwen te fè l louvri Bib la lòt jou, epi Sa te di, ‘Jezikri se menm nan ayè, jodi a ak pou tout tan.’ Ou konn kisa l te di? Li rele byen fò, li leve men l anlè, epi li di ‘Alelouya! Amèn!’ Oo! Epi Ou konnen Li te di la, nan—nan Pawòl Ou a, Ou konnen, kote W te di, ‘Zèv yo, sila ki kwè nan Mwen an, zèv Mwen fè yo, li va fè yo tou?’”

176 “Ya, Mwen sonje M te ekri Sa pou pitit gason M nan. Ya, M sonje M te ekri Sa.”

177 “Ooh, lè l te wè sa, li te jis rele fò epi li te sote ponpe, rele anmwè, ‘Alelouya, Seyè. Retire tout monn lan nan mwen. Rann mwen Konsa!’ Wi, Mesye. Ak tout bagay sa yo ke l te fè!”

178 “Oh,” Papa te di l, “mwen menm—mwen kontan pou pitit gason sa. Sa se yon bon pitit gason. Trè byen. Gade yon je sou li pou kèk ane, wè kijan li—wè kijan l ap avanse, epi kouman l ap pwogrese.” Apre yon ti tan ane yo t ap pase. “Kòman l ap adapte l?”

179 “Oo, mezanmi, li menm ap grandi nan lagras! Oo, mezanmi! Li jis. . . L ap soti nan kokiy li nan rakkwa yo. M pa kache di W, li—li vrèman. . . Enben, li pran mouton yo, li ka okipe yo jis—menm jan avèk Ou. Li pap janm ba yo zèb lanmè. Li pap janm ba yo movezèb. Lè yo apwoche, ap di ‘Nou vle vin manm nan legliz la,’ li te di, ‘Fèmen bouch nou, nou pa bezwen sa! Non, mesye. Men sa w bezwen, “Repanti epi batize, chak nan nou, nan Non Jezikri, pou padon peche nou yo. Ou va resevwa don Sentespri a.”’ Wi, Mesye, men sa l te di.”

“Oo, li vrèman di sa?”

“Wi, Mesye, li di l sèten.”

“Ebyen, se jis fason M te ekri L la.”

“Se jis fason sa li di L.”

“Hmm!” Wi, mesye.

180 “Kèk nan yo te di, ‘Rete nan vil Jerizalèm jiskaske w vin ranpli ak pouvwa ki soti Anwo a. Piske Sentespri a te vin sou ou, w ap vin temwen Mwen nan Jerizalèm, Nan Jide ak Samari, jouk nan bout monn lan.’ Lè l te li sa, li te rele fò, ‘Alelouya, se sa

ke w bezwen!’ Ou konn kisa l fè? Li jis mennen yo drèt anba la jiskaske yo resevwa L, se tou, rete drèt la avèk yo.

¹⁸¹ “Men, si yo kòmanse ap fè tapaj, li di, ‘Ey, ey, ey, tann on minit, tann on minit. Se konsa bouk kabrit aji, pa mouton.’ Ou wè? Ou wè? Oo, pafwa yo vin yon ti kras fache sou li, men li yon jan pase men sou do yo, ap di, ‘Tann yon minit, chi-chi, chi-chi, chi. Se kòrèk.’ Li vrèman konnen kijan pou kontwole mouton yo. Wi, Mesye, M di Ou.

¹⁸² “Ou konn yon bagay? Mwen te wè Achevèk *Entèl-entèl* di l ke li ‘pa t kab vin nan vil *sa a* pou fè reyinyon.’ Men, ou konnen, Mwen on jan te dirije l, Mwen te di, ‘Ale kanmenm.’ Ou wè? ‘Rantre kasèt sa yo, epi pa kite yo soti.’ Nou te ale kanmenm! Nou te al nan vil sa yo la, li te di, ‘Ebyen, nou pap kòman- . . .’

¹⁸³ “Epi Ou konnen, dyab la desann la, li di, ‘Mwen parye avè W ke M ka kenbe l andeyò vil sa.’ M te di, ‘Li paka fè l. Si m mande l ale, li prale. Mwen parye avè w li prale.’ ‘Non, non, non, non, non, m ap di l. M ap desann pou di, “Kounye a, tout ajan sekrè m yo, nou tout rasanble ansanm. Nou pa vle ankenn pou wè nan vye bagay fanatik sa anba la, tout vye bagay gerizon Divin sa ak vye bagay Sentespri sa. Sa te rive lontan ak apot yo dèzane de sa. Ou konnen sa pa bon, retounen dèyè.” Pou ap eseye ba yo vye move zèb sa yo, tout bagay konsa. Yo . . .

¹⁸⁴ “Men, ou konn on bagay, li te kontinye desann tou dwat anba la kanmenm. Li t al dwat anba la epi li te kòmanse ap simaye zèb alfalfa, ki sot . . . Epi Ou konn yon bagay, mouton sa yo te kòmanse manje, yo te vin angrese otan ke yo kapab. Wi, Mesye. Pandan y ap fè gerizon ak reyinyon epi, Ou konnen, anpil nan jèn sitwayen sa yo te kòmanse. Enben, yo te wè si yo te gen yon gwo pil zèb tankou Alfalfa sa. Ou konn kisa yo te fè avè l? Sa te sitèlman bon jouk yo te kouri al kot vwazen yo, epi di, ‘Goute Sa a! Goute Sa a! Goute Sa a!’ Ou wè, atmosfè a te goutte jis menm jan ak sa la. Men Li jis la. La menm Li ye, ou wè. ‘Jis repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezi, ou wè, w ap gen Sentespri a. Se pou nenpòt moun ki vle a, kite l vini, kite l vin la pou l wè sa Bib la di.’ Ou wè? Apresa, y ap jis pase yon bon moman anba la.”

¹⁸⁵ “Ooh, sa a se pitit Mwen an! Sa se gason pa M. Ebyen, ou panse li gen bon jan matirite?”

¹⁸⁶ “Ye. sètènman,” Sentespri a di. “Mwen te fè l pase tès. Mezanmi, mwen te mete l a leprèv fason sa, te mete l a leprèv lòt fason an. Mwen te fese l atè, malad, mwen te mete l sou presyon. Mwen te pilonnen l, mwen te kite dyab la fè l tout sa l te kab fè, li te retounen kanpe dwat ankò. Li vin menm jan an. Ou wè, vin sou pye l ankò. Mwen te rann li malad. Mwen fè *sesi*. M te jete l lopital. Mwen te mennen l deyò la m te fè *sesi*, m te fè *sela*. Mwen vire madanm li kont li, mwen tounen vwazen l yo kont li, mwen te tounen tout bagay. Sa pa t fè yon ti kras diferans. Li te di, ‘Menm si L touye m, m ap fè L konfyans kanmenm.’ Mwen touye

fanmi l. Mwen te pran *sa a*, mwen te fè *sesi*, mwen te fè tout *sa*, mwen te fè *sesi, sela, se lòtbò*. Toujou li ret kanpe dwat, ‘Menm si Li touye m, m ap sèvi L! Li se pa M!’”

187 “Ooh! Ebyen, mwen kwè Nou ta dwe rele l yon kote nan yon ti plas espesyal epi fè yon adopsyon.”

188 Kounye a, lè papa a, nan Ansyen Testaman, te konprann ke pitit gason l lan ‘te rive nan laj, epi te byen eksperimente pou adopsyon. Pou al nan direksyon! Yo te fè yon timoun, men, lè yo te vin yon pitit jis lè moman sa. Men lè sa yo pap janm plis ke jis yon timoun, jis yon pitit òdinè, jiskaske yo gen matirite pou montre sa yo ye. alò, li rele l lè sa.

189 Kounye a men nou, legliz. Èske w pare? Kounye a li yon ti jan ta, tout moun mòde dwèt ou, penchen nanm ou, epi rache kè w, jis pou yon minit. Ou wè? Kounye a, nou pral plase legliz la. Kounye a lè legliz rive kote sa, Li di, “Tribi Manase, men plas ou la. Tribi Efrayim, oudenm se bò la.”

190 Lè sa li mennen l yon kote an patikilye, papa a fè, epi li mete l sou yon kote elve *konsa*, epi li fè yon seremoni, epi yo tout vin rasanble. Apre li te di, “Mwen vle tout moun konnen ke sa a se pitit mwen, epi mwen adopte pitit gason m nan. Epi mwen vle ke nenpòt moun nan konnen, depi kounye a, ke non li. . . Mwen abiye l, ak yon rad espesyal sou li. Apre sa Mwen vle nou konnen ke non li jis osi bon sou nenpòt chèk ke non pa m. Li se pitit mwen, mwen adopte l nan fanmi mwen, menmsi l te pitit mwen depi l te fèt. Depi li te resevwa Sentespri a, li te vin pitit gason Mwen. Men kounye a mwen pral mete l nan pozisyon otorite. Sa l revoke revoke, sa l anboche anboche.

191 “E anverite, anverite, m ap di nou, si nou di pyebwa sa a, si nou di mòn sa a, ‘Deplase,’ epi pa doute nan kè w, men kwè ke sa w te di a pral rive, ou ka gen sa w te di a.” Ou wè? Men li; men li. Ou wè? “Li se pitit gason M.” Konbyen moun ki konnen ke adopsyon an, ke yo . . .yo te adopte pitit gason an apre l te pwouve li se yon . . . Tout moun ki janm li Bib la, plasman yon pitit gason.

192 Ebyen, Bondye te fè menm bagay la pou Pitit Li a lè L te fè Jezi monte sou Mòn Transfigirasyon an. Li te mennen Pyè, Jak ak Jan anwo la, sa se twa temwen terès yo. Te gen Jezi, Moyiz ak Eli, ak Bondye, sou montay lan. Yo te kanpe la sou montay lan. Epi, premye bagay ou konnen, yo t ap gade, epi Jezi te glworifye devan yo. Èske se vre? Konbyen moun ki konnen ke sa se Ekriti a? Kisa L te fè? Li—Li te abiye L ak abiman imòtalite. Epi l te di “Rad li te klere tankou solèy la.” Èske se vre? Epi yon nyaj te kouvri yo. Pyè ak Jan ak lòt yo, te tonbe fas atè. Apre sa yo te gade, e men Moyiz ak Eli ki te kanpe la, ap pale avè L. Moyiz te mouri, li te antere nan yon tonm ki pa t idantifye depi uitsanzan. Epi Eli te monte yon charyo pou al nan Syèl, senksanzan anvan sa. Fiouw! Men yo te toujou la! Men yo ki t ap pale avè L. Ou

wè, Li te mennen Jezi monte pou l wè yo, pou l wè de kisa li te kesyon, ou wè la, pou montre L bagay sa yo. Epi yo t ap pale avè L, yo te gen yon konvèsasyon avè L.

¹⁹³ Lè sa osito ke Pyè te retounen gade ankò e ke glworifikasyon an te kite Jezi, yo te wè Jezi sèlman, epi yon Vwa te soti nan nyaj sa, e li te di “Sa a se Pitit Mwen renmen anpil la, koute L! Non L osi valab ke pa M kounye a. Koute L!” Se tou, adopte, oswa plase pitit yo.

¹⁹⁴ Kounye a, men kote Bondye ap eseye mennen legliz panntkotis la nan Liv Efezyen an. Ou wè? Èske w—Eske w konprann? Nou oblije fini paske li kòmanse vin twò ta, ou wè, timoun yo kòmanse ap dòmi. E m te vle desann nan vèsè sa a ki jis la, men m paka fè li, jiska—jiska 13yèm vèsè a, Ou wè, dènye pati a, “te sele ak Sentespri ki te pwomèt la.” N ap wè sa dimanch, ou wè. Gade. Kounye a, kijan, kisa k mennen nou antre, e kouman Sa te kenbe nou.

¹⁹⁵ Men kounye a pou “plase,” kouman w plase? Ou fèt dabò nan Wayòm nan pa Sentespri a. Konbyen moun ki konn sa? Trè byen. Apresa, ou te predestine a kisa? Adopsyon. Kisa sa ye? Ou te predestine pou plasman an.

¹⁹⁶ Ooh, Sè Scott, mwen kwè se sa, ki chita la. Se pa ou menm ki te lakay la jodi a? Gen yon ansèyman k ap fèt kèk kote nan monn lan, toupatou nan divès pati peyi a, mwen te tandè pale de sa, anpil, ke Jezi isit la sou tè a, ap pwonmennen nan yon kò, Li antre pou fè *sesi*. Sa se yon manti! Sentespri Li isit la, e L ap eseye plase Legliz Li, pou mete Legliz Li annòd, plase L nan Latè pwomiz, pou yo ka antre . . . pou ke yoka mete deyò tout lènmi yo.

¹⁹⁷ Manase paka pran tè pa l la. Mwen paka gen yon sèvis gerizon lè ke mwaye nan . . . lè ke . . . M al deyò a la epi m preche batèm nan non Jezikri a, epi tri—epi frè trinitè yo ap di, “Oh, li se yon ansyen Jezi sèl.” Mwen paka al la epi gen gerizon Divin lè mwaye nan yo ap di, “Gerizon Divin se kòrèk,” e anpil nan yo kontan mirak Seyè a epi yo di, “Ebyen, mwen kwè Frè Branham se yon pwofèt, men kite m di w yon bagay. Toutotan Lespri a sou li, epi l ap disène, li se sèvitè Seyè a. Men Ansèyman l lan pouri, Li pa bon.” Kimoun ki te janm tandè pale de tenten konsa? Se swa li vin de Bondye oswa li pa vin de Bondye. Se sa. Se swa se Bondye nèt oswa se pa Bondye ditou. Se konsa l ye. Men kijan w pral genyen l? Manase p ap kenbe teren l lan, Efrayim p ap kenbe teren l lan, Gad p ap kenbe teren l lan, Benjamen p ap kenbe teren l lan, yo tout ap pèdi tan yo la ak Filistin yo, pou vin tou melanje. Kijan yo pral plase nou? Men, nou tout, te pran nesans pa Sentespri a. Se pa vre? Nou te pran nesans pou kisa? Te predestine . . . Answit apre nou fin ne, nou te predestine pou adopsyon an, pou nou te plase nan kò Kris la. Ou wè sa m vle di a?

¹⁹⁸ Kisa ki Kò Kris la? Genyen ki apot, genyen ki pwofèt, kèk se anseyan, kèk se evanjelis, e kèk se pastè. Eske se sa? Yo te rele

nou pou sa. Gen lòt ki gen don pale nan lòt lang, entèpretasyon lang, sajès, konesans, mirak, opere mirak, tout diferan don sa yo. E kounye a, kisa yo te fè? Yo te pratike sa yon ti kras. Kisa? Kite l ale lib jis tankou m pa konn kisa. Youn leve kanpe, pale nan lòt lang, lòt la pran devan, ap pale, “Blrr, blrr, blrr, blrr, blee.” En-hen. Predikatè pral preche, fè apèl a lotèl, epi yon moun leve kanpe, ap pale nan lòt lang, “Alelouya! Glwa pou Bondye!” Si pre—si sa rive ke predikatè a kontinye ak mesaj li a, pandan l te wenn, alò pèp la di, “Vye retwograd.” Ou wè, se paske yo pa t anseye yo.

¹⁹⁹ Bib la te di lespri pwofèt yo soumèt a pwofèt yo. Bondye pa otè konfizyon. Lè m kanpe isit la, oswa yon minis isit la anba lonksyon Bondye, pe enpòt konbyen ou vle pale nan lòt lang, rete trankil jiskaske Bondye fini la. Kidonk si w ap pale nan lòt lang, li paka jis ap repete Ekriti a, Paske Bondye te di pa itilize repetisyon pou granmesi. Men se yon mesaj dirèkteman pou yon moun. Mande m yon fwa, mete dwèt ou sou yon fwa ke Sentespri a te janm, anba disènman, te janm di yon moun, pou l te repete yon Ekriti ankò e ankò. Li te di yo yon bagay ki pat mache avèk yo e yon bagay ke yo te fè, e yon bagay ke yo dwe fè oswa yon bagay te dwe rive, oswa yon bagay ki sanble ak sa. Èske se vre?

²⁰⁰ Se sa ki pale nan lòt lang lan ak entèpretasyon an! Si gen youn nan legliz la k ap pale nan lòt lang, epi yon lòt entèprete l, kite l di sa a: Kite Frè Neville leve epi pale nan lòt lang, epi frè sa a la bay entèpretasyon an, li di, “Di nonm sa a isit la ke yè li te soti la epi li te fè yon bagay li pa t dwe fè. Kounye a doktè a di l jodi a li gen kansè. Al met bagay sa a annòd, tounen la e mete w anrèg ak Bondye.”

Mesye a di, “Vrèman, sa se laverite.” Alò Bondye avèk ou.

²⁰¹ Men kijan n ap ka fè l fason sa a? Ou wè? Se jis, “Blmp, blrr, blrr, blrr.” Jis pa aksidan, de tout fason, pa gen okenn plasman ditou. Kounye a, sa se . . . Ou wè, Efezyen, ap eseye . . . Ou wè, yo rate sa. Gade kijan yo rate l? Nou te predestine pou adopsyon piti gason yo! Kounye a konbyen moun ki konprann sa m vle di a? Leve men nou. Adopsyon! Nou te ne nan Lespri Bondye, sèten, te resevwa Sentespri a, epi kriye, “Papa, pa M nan! Alelouya! Glwa pou Bondye!” Nou se, se vre, nou se timoun yo, men nou paka al okenn kote. Nou paka bat Filisten an.

²⁰² Gad Billy Graham ki kanpe laba. Epi Mawometan sa k ap di, “Pwouve L.”

²⁰³ Gad Jack Coe ki kanpe byen lwen anba. Epi ate sa, legliz Kris sa k ap bay lanmen ak ate a deyò a la, epi pran lanmen. Te sanse yon Kretyen, epi ap bay lanmen ak yon demon tankou Joe Lewis, epi yon pansè lib, ki te menm madichonnen Bondye pou te di “pa t gen yon tèl bagay tankou yon Bondye, de tout fason, pou komanse,” ak bagay konsa. E yon legliz ki rele tèt yo legliz Kris la, nan bay lanmen avè l, epi pran pozisyon kont Frè Jack

Coe. Kijan n ap ka reyalize anyen? Epi Pannkotis yo, anpil ladan yo, kont li; Lè, chak predikatè nan peyi nou an ta dwe fè kò a kò avè l, epi di, “Bondye voye Pouvwa W desann.” Ou wè, men ni, kote sa pa t ka plase.

²⁰⁴ Efrayim pa vle rete. Youn nan yo al bò la, nou jwenn Manase vin bò isit la, li di, “O, la la, Seyè a ban m yon bon jaden mayi!” Answit men Gad vin la, te di, “Bon, kounye a, tann on minit. M te sipoze kiltive avwan, men m pral rekòlte mayi tou. Alelouya!” Ou wè? Ou pa gen anyen pou wè ak mayi; pran avwan ou, avwan se pati pa w pou kiltive. Ou pa t sipoze gade mouton lè w te sipoze gade betay. Bondye vle plase Legliz la. Men yo chak vle fè menm bagay la. “Alelouya!” Ou paka di yo yon bagay sou sa. Non, non. Yo toujou gen nati bouk kabrit sa, “Bèè, bèè, bèè, bèè, bèè, bèè, bèè.” Ou wè, ou pka pale avèk yo. Se vre. Kounye a, èske se pa vre? Epi ou paka plase legliz la. Ou wè?

²⁰⁵ Legliz la sipoze predestine pou adopsyon timoun yo, kote yon nonm . . . Bondye ka pran yon nonm epi adopte l nan fanmi an, epi ba l yon bagay. Se, dabò, eseye sa epi wè si l bon. Bib la di mete lespri a a leprèv. Nonm sa reklame yon bagay kèlkonk, mete l a leprèv epi wè si l bon. Si l bon, avanse toudwat avèk li. Apresa di, “Seyè, voye yon lòt bagay.” Kontinye deplase, ou wè, jis ap bouje jouk chak endividi vin pran plas li. Lè sa ou pral wè legliz Bondye a kòmanse pran plas li. Alò se lè sa Filisten yo va fè bak. Bout pantalon pral met deyò, cheve pral pouse desann, figi yo pral lave; siga pral disparèt. Se vre. Lè Legliz la kòmanse antre nan fòs Pouvwa l, lè nou va gen yon Ananyas ak Safira, epi kèk nan yo. Wi mesye. Ou pral wè lè Legliz sen sa kanpe ansanm nan Pouvwa pa Li, plase nan pozisyon antanke pitit Bondye, ki adopte nan fanmi Bondye, Legliz pwisan an kanpe la nan glwa L. Ooh, se pou sa L ap vini.

²⁰⁶ Gade kijan nou elwaye nou, frè m yo? Ou pa menm ka rasanble yo ansanm sou baz Ekriti a. E nenpòt moun nan, nenpòt moun ki paka wè batèm dlo nan Bib la, nan Non Jezikri, li swa avèg osinon gen yon bagay ki pa mache mantalman. Se vre. E men kote gwo batay la ye.

²⁰⁷ M ap—M ap mande nenpòt moun ki va mennen nenpòt Ekriti kote yon moun te janm batize nan nenpòt lòt non andeyò Non Jezikri, nan nouvo legliz la. Oswa, si l te batize yon lòt fason, li te oblije rebatize nan Non Jezikri, pou l te resevwa Sentespri a. Vin montre m li. Pa gen okenn bagay konsa. Pa gen okenn komisyon konsa. Lè Jezi te di laba, “Ale, anseye tout nasyon yo, batize yo nan non Pè, Fis, e Sentespri,” Ni Pè, ni Fis, oswa Sentespri, ankenn nan yo pa yon non, pyès nan yo, Pyè te vire, dis jou apre, li te di, “Repanti, epi batize, nou chak, nan Non Jezikri, pou padon peche nou yo.” E tout kote nan Bib la . . .

²⁰⁸ Apresa te gen kèk moun ki te batize anba la, yon lòt fason, ak Jan, jis pou repantans. Pòl te di, “Nou dwe rebatize ankò. Nou

dwe retounen ankò.”

209 “Ooh, men yon gran nonm sen te batize nou, Jan. Li te batize Jezi.”

210 “Trè byen, sa a se Levanjil la. Sa a se Lespri Bondye a ki te dwe revele a mwen. Mwen se yon apot Seyè a, e si yon anj nan Syèl la vini pou preche nenpòt lòt bagay. . . .”

211 Kite m li sa. Bib la di, “Si yon an- . . .” Pòl di, “Si yon anj ki sot nan Syèl la di yon lòt bagay,” evèk, achevèk, pap, siveyan, kèlkeswa sa l ye a, “si li preche yon lòt bagay ke Sa m te preche nou an, se pou l modi.” Pa gen okenn. . . . Nou pa gen jan de abitud konsa. Non, mesye. Ou jis. . . . Jis pa gen yon tèl bagay. Oumenm, nou. . . . Alò,—Alò, ou wè, poukisa k fè moun paka wè sa? Poukisa k fè moun pap—pap—pap kwè sa? [Yon frè di, “Predestine.”—Editè a.] Ou wè? Gen yon moun ki di l laba jis la, Gene. “Predestine,” egzaktman. Kisa l ye? “Tout sa Papa a ban Mwen pral” (Kisa?) “vini jwenn Mwen.” Ala dirèk sa tonbe! “Tout sa Papa a ban Mwen ap vin—ap vin jwenn Mwen.” Ki pwoblèm mwen, mwen k ap eseye jwenn la? Men nou. Dakò.

212 Kite m jis li vèsè sa e answit m ap di w kisa Pòl, bagay sa yo ki. . . . Mesaj menm ke m ap preche aswè a, men sa Pòl te di sou predestinasyon, sou batèm dlo nan Non Jezi, batèm Sentespri a, plasman nan legliz, elatriye. Men sa l te di:

Mwen sezi (l ap di moun Galat sa yo) ke w te bouje sitèlman vit sot kote moun ki te rele w pou al nan direksyon. . . . gras Kris la (M te tèlman wont pou ou, nan lòt mo, ke w te kite yon moun vin la, pou detounen w lwen de Sa.) a yon lòt levanjil:

Ki pa yon lòt; Men gen kèk k ap trakase w, e ki ta nwi levanjil Kris la, nwi veritab levanjil Kris la.

213 Men atansyon. Kounye a, sonje, se te Pòl ki te oblije tout moun ki pa t batize nan Non Jezikri, pou vin rebatize ankò nan Non Jezikri. Konbyen moun ki konnen ke se vre? Konbyen moun ki konnen ke se Pòl ki te di sekrè sa yo te kache depi fondasyon monn lan, epi yo te revele a limenm, ke nou te predestine pou vin pitit Bondye pou al nan direksyon adopsyon, se te Paul? Gade la sa l te di:

Men menm si noumenm, oswa yon anj ki sot nan syèl, preche nenpòt lòt levanjil ke sa n te preche nou an, se pou l modi.

214 Pa jis di, “Mwen pa dakò avè w, mesye.” Ke l jis modi. Kite m li pwochen vèsè a:

Jan n te di anvan an, konsa m ap di kounye a ankò, Si yon moun preche yon lòt levanjil a oumenm ke sa nou te deja resevwa a, se pou l modi.

215 Se vre. Kounye a, frè, sè, si se te Bondye nan lòt jou sa, e mwen—m ap di sa, esperan ke m pa derespektan, sa te mennen

m wè ti sa a . . . Kounye a, m vin eksite; Mwen pa t rann mwen kont m te vin eksite, mwen jis beni lè m ap preche. Mwen pèdi kontwòl mwen epi m kenbe w isit la jòk mwen reyalize ke w gen dòmi epi w fatigue. Men, ooh, mwen . . . Si w—si w te kab sèlman konnen kijan m vle w la! Ou wè? E lè m, m ap di sa yon fwa ankò, lè m . . . lè L te di . . . Mwen te di, “Li ta fè . . .”

Li te di, “Èske w ta renmen wè ki sa fen an ye?”

²¹⁶ Apresa m te gade dèyè e m te wè mwen kouche la sou kabann nan. Se sèten nou te konnen m ase lontan pou nou konsyan ke—ke—ke m ap di nou Laverite. Mwen vle mande nou yon bagay, jan Samyèl te di anvan yo te wenn Sayil, Èske m te janm di nou yon bagay nan Non Seyè a ke sa ki te vre? Èske se vre? se te toujou vre. Èske m te janm vin mande nou lajan oswa nenpòt bagay konsa? Non, ou wè, mwen pa t janm fè l. Eske m te janm fè anyen sinon fè tout sa m kapab pou mennen nou a Kris? Egzakteman.

²¹⁷ Kounye a yo vle di m se yon moun k ap fè telepati mantal, ou konnen, yon moun ak yon pèsèpsyon sipèsansoryèl. Natirèlman, bagay sa yo oblije vini, Bib la te di yo t ap rive. Tankou Janbrès ak Jannes ki te reziste Moyiz, yo te fè prèske menm bagay Moyiz te fè, jòk sa te rive nan yon konfwontasyon. Se vre. Men sonje, Janbrès ak Janès pa t kapab geri. Yo pa t kab fè gerizon. Yo te ka mennen kalamite, men yo pa t ka retire yo. Ou wè? Dakò. Kounye a, Bondye se Gerisè a. Pawòl Bondye a rete Laverite.

²¹⁸ M te eseye onèt avèk nou. Mwen te eseye di nou Laverite. mwen gen—mwen gen . . . depi anviwon tranteyen lane, mwen te kanpe sou chè sa a, ale vini, depi tranteyen lane, e yon jou m ka pati pou al nan Laglwa a kote chè sa a. Te gen yon madanm, yon pitit fi, yon papa, yon frè, yo tout te antere jis anfas la la a, bon jan zanmi. Mwen te wè sèkèy yo ak flè yo te depoze la a, e m konnen yon jou ke tou pa m ap rive, tou. Ebyen, se vre. Men, sensèman, ak tout kè m, m di nou ak tout kè m, Mwen kwè m te preche nou vrè Levanjil Seyè Jezikri a. Mwen kwè ke w ta dwe batize, nou chak, nan Non Jezikri, epi resevwa batèm Sentespri a. Epi kèlkeswa lè w fè sa, sa ap pote ba ou lajwa, lapè, andirans, bonte, dousè, jantiyès, pasyans, lafwa.

²¹⁹ Epi lòt jou, sa k te rive m jou maten sa, m pa konnen. M toujou paka di si m te isit la nan kò mwen pou m te jis wè yon vizyon, oswa si yo te mennen m de isit la, a laba a. M pa konnen, m paka di w. Sèl bagay m konnen, sè ke m—m te toujou pè mouri, ti kote ki fè mal sa. Men mwen pa t pè ke Jezi pa tap vin chache m, la, mwen pa t pè sa, paske mwen—mwen pa t pè sa; Men si m ta rankontre ou epi m t ap jis yon vyep ti vapè k ap vole nan lèzè. Men mwen wè kounye a. Lè m te wè moun sa yo, yo te reyèl. Epi yo te moun ki te asosye avè m yon fwa isit la sou tè a, menm pou premye madanm mwen. Li pa t madanm mwen, li te sè m. Li pa t janm rele m mari li, li te rele m chè frè mwen. Pa t gen okenn

sèks, okenn santiman nan estil sa, sa pa t kab fèt; se te pafè, se te ladousè, se te pèfeksyon.

M ap mande m, m pa konnen, m ap mande m: Èske se sa manzè te wè anvan l te kite tè a? lè l te laba nan lopital la, lè m te rele l la, epi li te di, “Billy, ou te preche sou li, ou te pale de li, men,” li te di, “ou pa konn kisa l ye.” Li te di, “Mwen pa gen okenn anvi rete ankò.”

²²⁰ M ap mande m si se sa l ye, ak vye mesye sen, sen sa a ki se F. F. Bosworth, ki te konn kanpe sou chè sa a, ki te preche avè m nan diferan pati monn lan. Vye F. F. Bosworth, nou tout, prèske, te konnen l; sen, yon vye bonòm sen. Dezèdtan anvan, bon, apeprè yon semèn oswa de anvan l te ale, Mwen t al kote l epi l te lonje la, fason sa, prèske katrevendizan. Vyep ti bra l yo te lonje, ti tèt chòv li ak moustach blanch sa nan figi l. Mwen te pran vye bonòm sa nan bra m epi m te rele fò, “Papa mwen, papa mwen, cha Izrayèl yo ak kavalye l yo.”

Paske si te gen yon nonm ki te janm reprezante Pannkotis e ki te yon vrè apot, se te F. F. Bosworth, pwòp, dwat, vrè Levanjil, ou wè, se te Bosworth. E lè m te kenbe l nan bra m, epi m te rele fò, “Papa mwen, papa mwen, cha Izrayèl yo ak kavalye l yo.”

²²¹ Li te di, “Pitit gason m, rete sou teren an.” Li te di, “Koupe zèb anba pye kèk nan jèn kanmarad sa yo nan chan etranje yo, si w kapab, anvan yo antre nan yon bann bagay fanatik laba. Mennen vrè Levanjil sa ke w te resevwa a ba yo, pitit gason m.” Li te di, “Ministè w la poko kòmanse pou sa ke l pral ye.” Li te di, “Ou se yon Branham ki fèk fèt.” Li te di, “Ou jèn, pitit gason m.”

Mwen te di, “Frè Bosworth, mwen gen karant uitan.”

²²² Li te di, “Ou poko menm komanse.” Li te di, “Pa kite jèn predikatè Pannkotis sa yo rive laba ak yon bann tenten, pou anpwazonnen bagay la, pou mete tout diplomat yo—yo ak tout peyi kont Sa anvan w rive la.” Li te di, “Avanse, Frè Branham, kontinye ak Levanjil ou te resevwa a.” Li te di, “mwen—mwen kwè w se yon apot, oswa yon pwofèt Seyè Bondye nou an.”

²²³ Mwen te gade l, mwen te pran l nan bra m. Mwen te di, “Frè Bosworth, mwen vle poze w yon kesyon. Ki moman w te pi kontan nan . . . moman nan . . . tout ane ke w te konn preche yo?”

Li te reponn, “Kounye a menm, Frè Branham.”

Mwen te di, “Èske w konnen ke w ap mouri?”

Li te di, “Mwen paka mouri.”

Mwen te di, “Kisa . . . Poukisa w ta di ke sa a se tan ki fè kè w pi kontan?”

²²⁴ Te gen yon ti pòt. Li te di, “Mwen kouche la ak figi m ki bay nan direksyon pòt sa a. A nenpòt ki minit, Sila ke mwen te renmen an, ak Sa ke m te preche epi pran pozisyon pou yo a, tout sa yo . . . lavi m, Li pral vini nan pòt sa a pou mwen, epi mwen pral

ale avèk Li.” Mwen te gade l, m te panse, mwen—mwen te sanble menm bagay la jan l te ye pou Abraham, Izarak, oswa Jakòb.

²²⁵ Mwen te pran men l, mwen te di, “Frè Bosworth, nou toude kwè menm Bondye a, nou kwè menm bagay la. Pa gras Bondye mwen pral preche jiskaske dènye souf la kite kò m. Mwen pral rete fidèl ak Bondye jan m konn kijan pou w rete. Mwen pa pral fè konpwomi ak Levanjil la sou kèlkeswa kote oswa kèlkeswa plas la. Mwen pral rete fidèl jan m konnen pou w rete a. Frè Bosworth, m ap rankontre w nan yon pi bon peyi kote w pap jèn. . . oswa ou pa p vye ankò, men jèn.”

²²⁶ Li te di, “W ap la, Frè Branham, pa enkyete w.”

²²⁷ Epi inèdtan anvan, dezè anvan l te mouri. . . anviwon de mwa pita, m te panse li t ap mouri lè sa a, madanm mwen te antre epi l te wè l (li te toujou panse anpil a li), epi apres Madan. Bosworth. Epi anviwon dezè ke l te kouche, ap dòmi. Li te leve, li te gade, li te vole soti nan kabann li. Li te di, “Manman, ebyen, mwen pa t wè w depi dèzane! Papa! Frè Jim, se kisa,” li te di, “kite m wè, ou te youn nan konvèti m yo pou Seyè a, nan Joliet, Illinois.” Li te mouri sa fè senkant. Ou wè? Wi! Li te di, “Ou se Sè *Entèl-entèl*. Wi, mwen te mennen w bay Seyè a nan—nan reyinyon Winnipeg la. Ya. Enben, men sè *Entèl-entèl*. Mwen pa t wè w. . . Ya, ou wè, ou te vin jwenn Seyè a nan *tèl-tèl kote*.” Epi pandan dezèdtan san rete li t ap bay lanmen a sila yo ke l te mennen bay Seyè a. Li te retounen dwat nan plas li, epi l te kouche, kwaze men l yo, e se te fini. Èske frè F. F. Bosworth te antre nan Peyi sa a ke Jezi te kite m wè avan yè swa a? Si se sa, li la a yon jenn gason aswè a. Ke Bondye bay nanm li repo. Epi se pou m viv tèlman fidèl ke m va antre nan peyi sa. E se pou m tèlman yon vrè sèvi—yon sèvitè Kris la!

²²⁸ Mwen wont vi mwen. Mwen wont dev. . . mwen—mwen. . . Si mwen te peche devan nou pèp la, nou—nou dwe m sa pou vin di mwen. Ou wè? Mwen eseyè viv dwat nan tout sa Bondye kite m fè pa gras li. Ou wè? Ou wè? Men, gade, zanmi m yo, ou dwe m sa si w konnen yon bagay ki mal nan lavi m, vin di m li. Epi, gade, mwen dwe w sa pou kanpe isit la epi preche w vrè Levanjil la. Mwen dwe w sa, paske m atann mwen a wè figi chak nan nou, jèn gason ak jèn fi, jis atravè bawo sa lòtbò a. Se jis yon souf ant kote ou ye kounye a ak la ba. Ebyen, se vre. Se laba.

²²⁹ E se pou Bondye tout gras la, Bondye ki nan Syèl la, pa pou pwofane, men avèk reverans, “Papa,” nan gran jou sa lè nou pral tounen pou prezante nou isit la epi nan kò terès nou an ankò, konsa n ap ka bwè, epi manje rezen ak fwi peyi a. “Yo pral bati kay epi yon lòt pa pral abite l. Y ap plante pye rezen e yon lòt pa pral manje l.” Ou wè? Yon nonm plante yon jaden rezen, pitit gason l pran l, epi apre sa pitit gason l pran l ak sa k pou li a. Men pa nan ka sa a; li pral plante li epi l ap rete la. Ou wè, se

vre. Nou pral la pou tout tan. Epi pèmèt, nan Peyi sa, se pou m wè chak nan nou.


²³⁰ E m konnen ke m ap pale la menm ak minis trinitè yo. Epi, frè m yo, mwen pa di sa—Mwen pa di sa pou fè mal. Mwen se yon Trinitè, tou, Mwen kwè nan Trinite a, twa atribi Bondye yo (Pè, Fis, e Sentespri), men se pa twa Bondye. Ou wè? Mwen kwè gen twa atribi, sètènman, Mwen fè sa ak tout kè, “Pè, Fis e Sentespri,” men yo pa twa Bondye. Yo se jis twa atrib- . . .oswa fè pati fonksyon Bondye yo. Bondye te viv yon fwa nan Patènite a, Filyasyon an, e kounye a nan Sentespri a. Se menm Bondye a nan twa fonksyon. Epi yo gen . . .

²³¹ E Pè, Fis, e Sentespri, se pa Non Bondye. Bondye gen yon sèl Non, e Non Li se Jezi. Bib la di, “Yo rele fanmi ki nan Syèl la Jezi, e fanmi ki sou tè a rele Jezi.” Se vre. Konsa Bondye te gen yon sèl Non, yon Non imen. Li te . . . te gen yon non yo te rele Jewova-jire, Jewova-rafa, ki te tit Divinite Li. Men li te gen yon sèl Non: Jezi! E se Li menm.

²³² E an verite, frè m yo, si n pa dakò avè m, sonje, mwen—mwen—mwen pral rankontre w laba a, de tout fason. Ou wè? mwen pral—mwen pral laba a avèk ou. Epi ke Bondye beni w. E m renmen w.

²³³ Apresa m vle legliz la raple l kounye a, dimanch maten nou pral reprann apati de la a epi mwen pral eseye pa kenbe w pa plis pase dezè, konsa nou ka gen yon reyinyon nan apremidi, si l posib pou nou, e si m fè sa osi byen ke m te fè aswè a, dizè edmi. Eske w padonnen m? Zanmi yo, nou pa ret anpil tan, cheri. Mwen—M ap rele w “cheri” paske w se sa. Noumenm—nou se cheri m yo. Ou konn yon bagay? Kite . . . Men yon Ekriti parèt. Pòl te di, “Mwen fè jalouzi pou nou (Legliz Li a) avèk yon jalouzi diven, paske m fyanse nou.” Men li, sa a se genyen l. Se sa. “Paske mwen marye nou, fyanse nou avèk Kris la, tankou yon jenn fi ki vyèj.”

²³⁴ Kounye a, si se te vre lè sa nan jou sa, li te di . . . Yomenm, moun yo te di m, yo te di, “Jezi ap vin kote w, epi w pral prezante nou ba Li,” yon jenn fi vyèj. “Ki te jije dapre Pawòl ke w te preche yo a.” Epi, gade, si m preche nou jis sa Pòl te preche legliz li a, si gwoup li a antre, pa nou an tou, paske nou te gen menm bagay la. Amèn.

Ann bese tèt nou kounye a pandan n ap di, “Bondye beni w.” Kounye a . . . ? . . . presye pastè byeneme nou, Frè Neville. 

ADOPSYON 2 CRE60-0518

(Adoption 2)

SERI ADOPSYON AN

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle mèkredi swa, 18 me, 1960, nan Branham Tabènak nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org